Mboten sah kedangon Gus, disowanke Njeng Pengeran Pangiri mawon ben digantung!

30. DURMA
(ajrih) Aja,....aku aja di gantung ! aku ora salah!! Aku aja disowanke Pangeran Pangiri! Aku isih kepengin urip! ...(marang Panuntun0 Kula nyuwun gesang Gus!

31. PANUNTUN
Nek kowe butuh urip, luwih becikblaka. Kowe ki sapa, saka ngendi, lan duwe karep apa mlebu Manisrengga sajak nyalawadi.

32. DURMA
(wedi) Kula,... kula,.....

33. PRANA
(nggetak) Kowe mesthi telik sandi Metaram! Ayo ngaku?!! Ora ngaku tak ajar!!

34. PANUNTUN
(wibawa) Sareh Kang Prana, aja grrusa-grusu!

35. MITRA
Tujune ana Baguse Panuntun, upama ora dadi apa kowe!

36.DURMA
(wedi) Ya,ya,ya.....aku tak ngaku, ning aja dipilara.

37. PANUNTUN
Nek kowe blaka, aku sing nanggung keslametanmu. Wis ayo blaka.

38. DURMA
(wedi) Anu,…. Kula, kula Durma,.....Lurah pasar Manggis.

39. KERTA
Desa Manggis ki rak nggon maling ta?! Nek ngono kowe mesthi Lurahe Maling!!.

40. DURMA
(wedi) Dudu... aku dudu lurah Maling. Aku ki Lurah Pasar!

41. KIRJA
Nek Lurah Pasar kok lakumu blingsatan mlebu Manisrengga!! Arep dadi canguk?!

42. DURMA
(wedi) Ora! Aku ora dadi canguk! Aku mlayu-mlayu iki golek slamet merga dioyak-oyak prajurite Njeng Pengeran Pangiri!

43. PANUNTUN
Kok dioyak-oyak ki luputmu apa?

44. DURMA
Anu, kula dianggep luput merga mboten isa mbayar pajeg. Wong pasar Manggis niku dadi wewenange prajurite Njeng Pengeran Pangiri. Rehne kula mboten isa mbayar, merga bakule dha pindhah teng Metaram, kula njur dioyak-oyak, ajeng dipateni.

45. PANUNTUN
Apa kowe ora lapur Lurahe prajurit Pajang nek lehmu ora isa bayar pajeg kuwi merga bakul-bakule pindhah neng Metaram?.

46. DURMA
Kula pun omong ngoten Gus! Ning malah dipaido! Kula diajar! Terus diancam! Nek mboten isa mbayar ajeng dipateni! Pun,... napa kula ora entuk kancilen?! Timbang kula mati onten pasar Manggis, kula njur mlayu golek slamet.

47..PANUNTUN
Nek ngono, kowe ora salah. Merga warta sing ndak rungu nelakake. Ora sithik kawula Pajang sing dadi kurban trajange Prajurite Njeng Pengeran Pangiri.

48. KERTA
Lha terus sakniki apike pripun Gus?

49. PANUNTUN
Anu wae. Durma iriten sowan Bapak. Mengko aku sing matur.

50. KIRJA
Lha njenengan ajeng tindak pundi Gus?

51. PANUNTUN
Aku arep adus dhisik neng sendhang iki.

52. KIRJA
O, nggih. Ayo ca.....Durma diirit neng Kademangan.

Wong-wong lunga. Tomblok njedhul.

56. TOMBLOK
Gus. Malinge wau dibekta teng pundi?

57. PANUNTUN
Lho, kowe Mblok? Kok kowe tekan kene? Karo sapa?

neng kene, karo sapa?

58.TOMBLOK
(ngece) Alaaa....."bathok ning nduwur kendhi,ethok-ethok ora ngerti". Kula krungu lho, le sampeyan kangsen kalih Mas Rara....(nirokake) "Sesuk tak enteni neng sendang ya Kakang. Aja lali lho "

60. PANUNTUN
(ngguyu) Kowe kok werna-werna ta! Wong Mirah ora mrene kok kowe omong ngono. Nek nyata aku kangsen karo Mirah, ayo,... saiki endi bocahe?

61. MIRAH
(njedhul saka mburi-gembira) Aku neng kene kok Kakang.

63. TOMBLOK
(manteb) Horotoyoh! ....Ajeng ngendika pripun sakniki?! (kemayu) Kula niku luwih pengalaman timbang sampeyan, wong le duwe bojo empun ping telu! Nek ming perkara glibeng-glibengan mon mesthi 'ahli' kula!

64. MIRAH
Kowe ki mbok aja sembrana ta Mblok.

65. TOMBLOK
Kula mboten sembrana! Ning kandha nyata! Sampeyan rak nggih ngerti dhewe ta? Kula tau entuk trophi juwara satu ahli ngglibeng sak Tanah Jawa!

66. PANUNTUN
(ngguyu) Hiya, Aku percaya. Ning bakal luwih percaya meneh nek kowe sak iki lunga dhisik, aku tak rembugan karo Mirah.

67. TOMBLOK
Halaaah,…. Padune arep latihan ngglibeng dhewe! …. Kono-kono! Aku mono wis tutug le praktek! Pun nggih Mas Rara, kula tak mrika riyin.

Tomblok lunga tanpa gamelan.

68. MIRAH
(nyedhak) Kakang Panuntun.

69. PANUNTUN
Ana apa Mirah?

70.MIRAH
Wis pirang-pirang ndina iki, atiku krasa ora kepenak.

71. PANUNTUN
Kok ora kepenak ki apa jalarane ?

72. MIRAH
(aleman) Jalarane kowe Kakang.

73. PANUNTUN
Kok aku?

74. MIRAH
(mrengut) Ta kuwi, malah tambuh ta! Kowe ki jane ngerti ning ethok-ethok ora ngerti, apa pancen njarag ora gelem ngerti?

75. PANUNTUN
(ngguyu) Ora gelem ngerti piye ?

76. MIRAH
(aleman) Mbiyen kowe tau kandha, senajan pinisah gunung lan kali, nanging atimu lan atiku tetep nyawiji ana ing katresnan.....Ning sak iki? Bareng kowe dadi Wiratamtama Pajang, lan bali menyang desa Manisrengga, tumanggapmu wis ora kaya mbiyen. ....Ya iki, iki sing njalari atiku ora kepenak.

77. PANUNTUN
Mirah. Yen aku entuk kandha blaka. Sing ora kepenak atine kuwi ora mung kowe. Nanging uga aku.

78. MIRAH
Kok aneh ta?

79. PANUNTUN
(nyedhak) Nalika aku bali saka Pajang, aku duwe pepenginan. Kembang katresnan kang ndak tandur ana ing punthuk Sendhang Pengasih iki bakal ndak pethik. Ndak sumpingake ana ing atiku. Nanging emane..... Nalika aku arep methik kembang katresnan iku, ana kumlawene tangan panguasa sing ngalang-ngalangi karepku.

80. MIRAH
Kakang Panuntun. Kowe aja mbebingung atiku ta. Aku ora ngerti. Sapa sing kok karepake ngalang-ngalangi kowe methik kembang katresnan ing Sendhang iki?.....Sapa Kakang?

81. PANUNTUN
Bapakku, Mirah. Ki Demang Surapada.

82. MIRAH
Bapakmu?!

83. PANUNTUN
Bener Mirah. (mlampah nebih) Sebab nalika aku bali, Bapak lan Biyung wis sak rembug ki Jurutaman. Yen aku kudu nuruti karepe wong tuwa, bebojoan karo Ajeng Maruti.

84. MIRAH
(nganseg) Terus?

85. PANUNTUN
(nyedhak) Mirah. Sing gedhe pamengkumu. Aku pancen trensa marang kowe. Nanging emane, tresnaku ora luwih gedhe katimbang setya lan bektiku marang wong tuwa. Wong tuwa sing wis nglairake aku, nggulawenthah aku, lan ndhewasakake aku. Saktemah aku bisa dadi Wiratamtama ing Pajang.

85. MIRAH
(wiwit – sedhih) Kakang?

85. PANUNTUN
Mulane Mirah, senajan abot abot anggonku arep nglakoni,.....aku kepeksa kudu blaka. Yen sambung tresna iki, ora bisa ndak terusake.

86. MIRAH
(kaget) Kakang Panuntun?!

87. PANUNTUN
Aku ngerti. Atimu mesthi tatu krungu kandhaku. Nanging kepriye meneh, kahanan sing mojokake aku kudu tumindak kaya ngene. Merga ya mung nganggo cara kuwi aku males kebecikane wong tuwaku, Ki Demang Surapada.

88. MIRAH
(nangis-campur mangkel) Kakang Panunutun! Ora ngira! Aku ora ngira babarpisan jebul kowe mentala njorogke aku ana ing panandhang. Kasetyan, katresnan lan pangurbananku marang kowe, tetela mung kok anggep kembang alum sing ora pantes mapan ana atimu!

89. PANUNTUN
(nyelani) Mirah)

90. MIRAH
(tanpa maelu - nangis karo ngundhamana) Apa wis sakmesthine, males kebecikane wong tuwa iku kudu nganggo cara kaya ngono? Apa wis sak lumrahe, wong sing wis ngaku dewasa, duwe hak lan wewenang nemtokake lakunig uripe, mung bisa pasrah marang karepe wong liya?! ....Kebangeten! Kowe wis kebangeten Kakang! (saya sero) Kowe tegel ngorbanke aku kanggo nuruti karepe wong tuwa sing ora bener! Banjur apa tegese nggonmu dadi wong lanang, yen kowe ora wani nemtokake pamilih laras karo atimu?! Apa tegese nggonku ngurbanake atiku, uripku lan jiwaku kanggo kowe?!

Wiguna teka. Nimbrung rembag

91. WIGUNA
(manteb) Kowe bener Mirah! Wong lanang sing duwe ati ringkih, ora pantes disebut lanang, luwih-luwih wani ngaku prajurit!

91. PANUNTUN
(manteb) Wiguna! Kowe wis dadi wong Metaram! Kena apa isih bali mrene?!

92. WIGUNA
(ngguyu) Aku bali mrene merga Manisrengga iki tanah kelairanku!

93. PANUNTUN
Nanging perkaraku karo Mirah iki dudu perkaramu!

94. WIGUNA
(manteb - ngguyu) Perkaramu lan perkarane Mirah, uga perkaraku. Sebab perkara kuwi nggepok perkaraku karo Ajeng Maruti! Ngertiya Panuntun! Anggonmu manut Ki Demang Surapada iku, ora mung gawe sangsarane Mirah, nanging uga gawe cilakane Ajeng Maruti, aku, lan kowe!

95. MIRAH
(sedhih) Bener kowe Kakang Wiguna! Seta lan tresnane Kakang Panuntun jebul mung lamis! Tembung lan janji sing dilairake, tetela mung dadi racun tumrap aku!!.....(marang Panuntun) Kakang Panuntun! Kowe mentala ngurbanake tresnaku uripku lan pengarep-arepku!

96. PANUNTUN
Karepku ora kaya ngono Mirah.

97. MIRAH
(nangis) Yen karepmu ora ngono, kena apa kowe ninggal aku lan arep bebojoan karo Ajeng Maruti?!...Kena apa Kakang!?....Apa kaya ngono kuwi dudu bukti yen kowe arep gawe sengsarane uripku?!..(mangkel) Kakang Panuntun! Yen pancen karepmu kaya ngono, ora ana pilihan liya tumrap aku! Aku ora bisa nyawang kowe! Aku ora bisa nyawang priya sing tak tresnani urip sesandhingan karo wanita liya!.....Wis Kakang, andum slamet Kakang!

Mirah lunga karo mlayu

98. PANUNTUN
(mbengok) Mirah?!.....Mirah?!

99. WIGUNA
(alus nanging nylekit) Aja nggetuni lelakon sing wis uwis Panuntun!

100.PANUNTUN
(nesu) Wiguna! Kowe sing njalari ruweting lelakon iki!

101.WIGUNA
(manteb) Sak karepmu olehe ngarani!

102.PANUNTUN
(manteb) Cukup!! Aku ora butuh rembugan karo kowe!!

103.WIGUNA
(ngguyu) Aneh! Aneh! Yen kowe pancen tresna karo Mirah,kena apa kowe nuruti panjaluke Bapakmu?! Lan sak iki, nalika Mirah medhot sesambunganmu, kowe malah ngluputake aku!! Banjur ana ngendi ati lanangmu?! Kowe sing jarene Prajurit, duwe pangkat Wiratamtama, ning kena apa atimu miyur lan ringkih?! Apa kaya ngene iki Wiratamtama Pajang sing jarene duwe watak Prawira, tatag, tangguh lan tanggon ngadhepi lelakon?!

104.PANUNTUN
(muntab) Meneng!! Kowe ora perlu mulang aku!

105.WIGUNA
(manteb) Wong kaya kowe isih kudu diwulang!

106.PANUNTUN
(muntab-nyaut) Kurangajar! Kowe nantang aku?! Apa kok sengguh aku wedi?! Ora, Wiguna! Ora! Wulu githokku ora bakal njegrig nadhepi tandangmu!!

107.WIGUNA
(nyaut-manteb) Semono uga aku Panuntun!

108.PANUNTUN
(muring) O, klakon mati kowe!!(ngrangsang)

109.WIGUNA
Kowe sing kudu mati!!!

Gatra teka misah

110.GATRA
(manteb) Sareh!.Sareh dhisik! Ayo mundur! Mundur dhisik! Ora kena sak karepe dhewe!

111.PANUNTUN
(manteb) Kowe aja ngalang-ngalangi aku Kang Gatra!

112.WIGUNA
Sumingkira! Panuntun tak rampungane!

113.GATRA
(manteb) Sareh ta!! Sareh! Aja mburu ati panas! Apameneh kelangan nalar! Nek kowe dha sulaya, tegese nyumed dumadine perang gedhe Materam lan Pajang! Eling!..... Kahanan wis dadi saya panas! Nek kowe padha ora mulat,... saya mbebayani! ...(marang Panuntun) Panuntun! Ayo bali! .... Bali!

116.PANUNTUN
(mangkel) Wiguna! Eling-elingen sumpahku! Nek perang iki kelakon, kowe apa aku sing njerbabah dhepani lemah!

Panuntun lunga. Wiguna arep nututi dipenggak Gatra

117.GATRA
Sareh.....Sareh ta Na!! Sareh!

118.WIGUNA
Sareh piye Kang?!

119. GATRA
Sareh ki ya sareh! ...Kowe karo Panuntun ki rak padhadene prajurit ta? Mosok ming perkara cah wedok direwangi paten-patenan! Saru! Sing jenenge prajurit kuwi ora kena ndhisike butuhe dhewe ning kudu ngutamake butuhe negara lan kawula!

120.WIGUNA
(tumungkul)

121.GATRA
Nek kowe nggugu aku, perkara iki disigeg dhisik! Merga nek kowe miwiti pasulayan, kowe bakal luput tumrap Metaram! Jalaran kowe ora nyendikani dhawuhe sesembahanmu, Kanjeng Panembahan Senapati!

122.WIGUNA
(kaget) Lho? Kok kowe ngerti Kang?

123.GATRA
Ngerti wae! Wong Kanjeng Panembahan iku priyagung sing pinter lan waskitha! Dhawuh kowe ngawat-awati Manisrengga, nanging uga dhawuh lan utusan aku supaya ngawat-awati lakumu!

124.WIGUNA
(kaget) Nek ngono kowe ya klebu perjurit sandi Metaram?

125.GATRA
(ngguyu) Wis, damar mancung cinupet. ...Sak iki, kowe kudu tata-tata. Gaweyanmu ora entheng merga kudu nemtokake pamilih. Abot sanak sedulur apa pepundhen. Wis ayo, kowe melu aku ngrondhani Manisrengga!

126. WIGUNA
Ayo, Kang !

Wiguna lan Gatra lunga. Lampu Black Out - Babak Telu rampung

BABAK: IV KADEMANGAN MANISRENGGA

Paraga ***: Ki Demang, Baureksa, Panuntun, sawatawis tiyang.***
Swasana ***: mantheng***
Musik ***: Illustratif***
Katrangan ***: Baureksa lan para sanak ndhusun sami pepanggihan.***

01. BAUREKSA
(mantheng) Kandha sampeyan niku tenan napa Ki Jurutaman?!

02. JURUTAMAN
(manteb) Sakestu Ki Tumenggung!

03. BAUREKSA
(manteb – ngampet nesu) Nek ngoten, Kanjeng Sultan Hadiwijaya empun duka tenan!

04. JURUTAMAN
Sak mireng kula, Kanjeng Sultan namung dhapur kepeksa mergi dipun jiat para putra mantu supados ngetabaken prajurit ngrabasa Metaram.

07. DEMANG
(nyaut) Terus sapa, sapa sing jumeneng Senapati Pajang, Dhi?

08.JURUTAMAN
Kanjeng SultanHadiwijaya dhewe, Kang.

09.DEMANG
(ngampet nesu) Welha,.....ora kena dinggo sembrana iki! Nek Kanjeng Sultan sing tedhak mesthi bakal ana perang gedhe!

10. JURUTAMAN
Petungku ya ngono! Mangka sing tak rungu, perjurit Metaram wis pacak baris neng kulon kali Opak, sak kidule candhi Prambanan!

12.PANUNTUN
(manteb)Ki Tumenggung! Kula kantun nenggo dhawuh! Kanca-kanca sampun sumadya mbelani Pajang..... (marang wong wong) Ya ngono ora Ca?!

13.WONG-WONG
Leres Baguse !!! (liyae) Kula wani! (liyane) Kula mboten wedi!!

14. KERTA
(manteb) Ha mbok nganti mati Pajang mesthi kula belani!

15. PRANA
(manteb) Kula saguh maju perang, arepa bojo kula meteng tuwa!

16. BAUREKSA
(manteb) Panuntun! Sak iki aku andum gawe Panuntun. Aku, Bapakmu, lan Ki Jurutaman, ngenteni Prajurit Pajang ing sak wetane Candi Prambanan! Dene kowe lan wong-wongmu pacak baris neng wetan kali Opak. Sak mangsa prajurit Metaram njedhul, age dirampungi!

17. PANUNTUN
Sendika!.....Ayo ca...melu aku!!

Kabeh budhal – Lampu Black Out – Babak Papat rampung.

BABAK : V PEPERANGAN

Paraga : Prajurit Mataram, Prajurit Pajang, Ajeng ,Wiguna,Panuntun, Mirah.
Musik : Rame
Katrangan : Perangipun prajurit Mataram lan Pajang.Wiguna medal pinanggih Ajeng, sampun macak dados prajurit.

01. WIGUNA
(kaget) Ajeng?! Kena apa nyandhang nganggo kaya ngono?!

02. AJENG
(manteb) Sing gedhe pangapuramu Kakang. Aku wis nyawiji karo sanak kadhangku sing padha mbelani Pajang.

03. WIGUNA
(nyedhak) Aja Ajeng ! Perang iki dudu perkaramu, nanging perkarane prajurit Pajang karo Metaram!

04. AJENG
(manteb) Ora Kakang! Perang iki ora mung kuwajibane prajurit, nanging uga dadi perange wong-wong Manisrengga!Rehne aku dilairake dadi wong Pajang, mula aku kudu wani ndhepani Pajang. Kaya dene kowe sing sakiki dadi prajurit Metaram, mbelani Kanjeng Panembahan Senapati!

05. WIGUNA
(nyaut) Ning nek kowe melu perang, kowe bakal mati Ajeng!!

06. AJENG
Mati mbelani bumi kelairan sing ditresnani dudu mati kang nistha!Jalaranb tumrap aku, mati iku urip ing alam anyar sing kebak kabungahan.

07. WIGUNA
(bingung) Ora Ajeng ! Ora! Kowe aja melu perang! Perang iki wengis! Atiku,,….atiku ora mentala nyawang patimu merga kesabet gegaman!

08. AJENG
(manteb) Cukup Kakang! Kowe ora perlu kandha werna-werna! Senajan tembungmu kaya bethet sewu, atiku wis ora isa kok endhakake! Sak sumingkira! Aku wenehana dalan golek dalaning pati!!!.

09. WIGUNA
(saya bingung) Ora! Ora! Aku tetep ngalang-ngalagi karepmu! Aku ora mentala weruh bakal patine wanita sing ndhak tresnani!.... Ewa semono,.... (wiwit nyedhak) nek kowe tetep nekad maju perang,... ayo,... aku patenana! Aku patenana Ajeng! Aluwung aku mati katimbang aku weruh patimu ing peperangan!

10. AJENG
(kaget) Kakang Wiguna!?

11. WIGUNA
(maju) Ayo,patenana aku! Aku lila mati kanggo kowe! Aku lila mati saka tangane wanita sing ndak tresnani! Ayo, Ajeng. Patenana aku! Untabna nyawaku kanggo nglabuhi tresnaku! Tresnaku sing wis ngoyot tekan balung sungsum!

12. AJENG
(nangis) Ora Kakang! Aku ora bisa nglakoni!

Panuntun teka - ngimpe Wiguna

13. WIGUNA
(sambat) Akh.....

14. AJENG
(nubruk) Kakang Wiguna?!!

15. WIGUNA
(sambat) Ajeng . Gusti ora marengake aku sesandhingan karo kowe. Senajan saktemene, tresnaku marang kowe kayadene kembang sing ora bakal alum ing sak lawase! (mati)

20. AJENG.
(nangis) Kakang Wiguna.....?!!!

21. PANUNTUN
(manteb) Ajeng. Ora perlu nggetuni patine Wiguna.

22. AJENG
(nangis karo nesu) Kakang Panuntun! Aku ora ngira! Kowe ora duwe watak satriya! Ora wani adu dhadha karo kakang Wiguna!

23. PANUNTUN
Iki perang Ajeng. Perang! Ana ngendi wae perang kuwi mung golek menang! Nek aku ora mateni Wiguna dheweke mesthi bakal mateni aku!

24. AJENG
(ngadeg karo nangis) Nanging kuwi tumindak licik Panuntun! Kuwi tumindak nistha! Dudu tumidakae Wiratamtama sing ngugemi watak prawira!

Mirah teka nglimpe nyuduk Panuntun

25. MIRAH
(nyuduk Panuntun)

26. PANUNTUN
(kaget sambat) Ohh!! Kowe,.....Kowe.....Mirah?!

27. MIRAH
(manteb) Aku dudu Mirah katresnanmu! Nanging aku prajurit Metaram!...(manteb) Tresna sing kok wenehake aku, sak iki wis malik dadi rasa sengit sing tanpa pepindan! Kowe ora ngerti. Kaya ngapa laraning atiku merga kepedhotan katresnan! Kowe ora ngerti rontang rantinge atiku merga nggembol wijining katresnanmu!

30. PANUNTUN
(kaget) Dadi??? Kowe, kowe wis ngandhut anakku?!Ohh.....Mirah. Apuranen aku! Aku sing sing wis natoni atimu, tresnamu la uripmu! Aku sing salah Mirah! Aku sing dosa! Ewa semono,...kowe uga kudu ngerti nek sak temene ...aku ora bisa urip bareng karo Ajeng! Aku mung kepengin sesandhingan karo kowe ing sak lawase uripku! (ambruk-pejah)

31. MIRAH
(nubruk-nangis) Kakang Panuntun ?! Kakang.....?!!

T A M A T

Kasongan Bantul, Oktober 1999

Lebak 1848

BONDAN NUSANTARA





Kolaborasi Kethoprak – Wayang Milenium Wae – Acapella Mataraman
Lebak 1848

Tulisan:
Bondan Nusantara

daptasi Buku Max Havelaar
Karya Multatuli

Tim kreatif:
- *Bondan Nusantara*
- *Djudjuk Prabowo*
- *Altiyanto*
- *Mujar Sangkerta*

Penata Musik
Pardiman Joyonegoro
(Acapella Mataraman)

Rias Busana:
Sarwijaya

Para Paraga:
01.Minah : Oky
02.Demang Parang Kujang: Warjudi
03.Bupati Lebak : Widayat
04.Garwa Enem : Nia
05.Putra Mantu : Bagus
06.Karya : M Sugiarto
07.Mbok Karya : Sri Budi
08.Saija : Vian
09.Adinda : Tere

10.Sudagar : Sarjana
11.Nyi Sudagar : Marsidah
12.Naator I : Kidung
13.Narator II : Unggul
14.Dira : Rio
15.Ujang : Purwaka
16.Sindhung : Bagong
17.Surati : Diyah
18.Tomblok : Hery
19.Prawan Ndesa : 4 orang
20.Nom-noman Desa : 5 orang

Kasongan, September 2012

ADEGAN : I PANGGUNG CILIK (A)

Musik : Illustratif

Keterangan :Lampu menyala pelan dan fokus . Kidung membaca narasi bergaya sebagai seorang pembaca narasi ulung. Unggul duduk. Di belakang nampak visual tentang bumi Lebak yang kelam.

01.KIDUNG

(KAYA MACA PUISI) Bumi Lebak tahun seribu delapan ratus empat puluh delapan! ….Ketika matahari menukik di batas cakrawala,… kegelapan malam menampakkan wajahnya. Merias diri di sela ribuan bintang. Menyanyikan pujian dan syair keindahan. (DIAM SEJENAK – SANGAT SERIUS) Tapi tiba-tiba,…… mendung datang melibas! Disertai bunyi halilintar memekak telinga!

02.UNGGUL
(SERO) Duoooorrrr…..!!!!

03.KIDUNG
(NYAUT - MANTEB) Hujan turun sangat deras!

04.UNGGUL
(SERO) Breeesssss…..!!!

05.KIDUNG
(NYAMBUNG) Alam terdengar menggemuruh!

06.UNGGUL
(SERO) Grudug-grudug-grudug…..gleeeerrrr!!!!

07.KIDUNG
(NYAMBUNG) Petir datang lagi!!!

08.UNGGUL
(SERO) Duooorrrr….!

09.KIDUNG
(NYAMBUNG) Datang lagi dengan lebih keras!!!

10.UNGGUL
(MAKIN KERAS) Duooor…!!

11.KIDUNG
(MENYAMBUNG) Datang lagi sebanyak 1000 kali…!!!

12.UNGGUL
(NESU) Bubar-bubar-bubar! Nek ngene carane ki aku sing payah Dab!

13.KIDUNG
(SANTAI) Lha ngapa ta?

14.UNGGUL
(NESU) Haiya jelas penak kowe! Wong kowe ming kari ngabani aku sing bengok-bengok nganti ndower! Wis, sak iki gentenan! Aku dadi pembaca cerita kowe teknik dan montase!

13.KIDUNG
Wokeeey! Nyaaaa…. (MENEHAKE KERTAS) Nya, aku tak trima pindah tugas!

14.UNGGUL
Lha terus kowe dadi apa?

15.KIDUNG
(KEMAKI) Aku dadi ketua panitia.

16.UNGGUL
Waaaaa,…. Kok urik ta! Gah aku! Pokoke aku jadi pembawa cerita, kowe teknik dan montase. Titik!

17.KIDUNG
(MANTEB) Yesss…..!!

18.UNGGUL
(SERIUS) Mendung datang melibas! Halilintar datang menyambar!

19.KIDUNG
(NGABANI PEMUSIK- SUPAYA GAWE SWARA)

20.UNGGUL
(KERAS) Alam terdengar menggemuruh!!!

21.KIDUNG
(NGABANI PEMUSIK MENEH)

22.UNGGUL
(SERO) Halilintar datang lagi!!!

22.KIDUNG
(NGABANI PEMUSIK MENEH)

23.UNGGUL
(SERO) Datang lagi.!!! …. Datang lagi..!!! (SAYA SERO) Datang lagi!!!

24.KIDUNG
(SANTAI) Kok meneng wae? Ayoooo teruske!

25.UNGGUL
(MANGKEL) Gaaaah…..!!!!

26.KIDUNG
(NGECE) Ha kok nesu?.... Jare kepengin dadi pembawa cerita. Kok malah mutung! Sing konsekuen Dab!

27.UNGGUL
(MANGKEL) Ha jeneh kowe mangkelke! Mau aku kon bengok-bengok nganggo cangkem! Bareng kowe njaluk tulung pemusik! Piye kuwi?!!

29.KIDUNG
(KEMAK) Elhoo,….aja nesu sik! Tak kandhani ya. Yang namanya pementasan itu,… tidak boleh lepas dari pemanfaatan seluruh komponen! Mulai dari tata panggung, tata lampu, tata suara, pemain, danr pemusik yang terbingkai dalam satu kata: KREATIVITAS!

30.UNGGUL
(NGECE) Halaaaaah,…. Mbok aja aja nggaya Bro! Lehmu isa omong ngono ki rak merga ngapalke naskah to?

31.KIDUNG
Sapa sing kandha ora? Sapa?! Kene, ….kon rene,..tak “ciyake!”

32.UNGGUL
Wis,..ora sah kokehan conthong. Galo kae, wis dikode sutradarane dikon serius. Ayo, kita buktikan! Unggul dan Kidung bisa menjadi pembawa cerita.

33.KIDUNG
Wokeeeey…… Musiiik …!!!

34.UNGGUL & KIDUNG
(DIBUAT LAGU) Inilah kisah tentang mereka.

Para pejuang dan pecundang.

Yang berseteru berebut menang.

Segala cara digunakan.

Saling tikam dan meremukkan

Negara menjadi kacau.

Dibelit hutang, konflik dan korupsi!

LAMPU PANGGUNG CILIK BLACK OUT – CUT TO.

ADEGAN : II PANGGUNG CILIK (B).

Musik : Membuat suasana agung

Keterangan : Max Havelaar mengucapkan sumpah.

01.MAX HAVELAAR
Demi Sri Paduka Raja Williem, demi kerajaan Belanda tercinta, saya bersumpah. Saya akan berdiri di garda depan untuk menjadi panglima pemberantasan korupsi! ...Jika saya melanggar sumpah jabatan ini, saya siap menerima hukuman apapun, sesuai undang-undang yang berlaku di negeri ini!

02.MULTATULI
(muncul) Tenane?????

LAMPU PANGGUNG CILIK BLAK OUT – CUT TO

ADEGAN : III KABUPATEN

Musik : Gae swasana nglangut

Katrangan : Bupati Lebak membaca surat teguran dari Asisten Residen. Hatinya jadi kacau karena Asisten Residen menegur Bupati atas perilaku isterinya, termasuk anak menantunya.

01.BUPATI
(unjal napas) Waah,... piye iki?

02.GARWA ENEM
(dhateng – kalian para abdi – mbekta blanjan kathah).

03.BUPATI
Seka ngendi?

04.GARWA ENEM
Saking blanja. (marang putra mantu) Ayo ngger, dhawuh para abdi barang-barang kuwi digawa mlebu.

05.PUTRA MANTU
Injih ibu.

PARA ABDI LAN PUTRA MANTU KESAH. GARWA ENEM NYELAK

06.GARWA ENEM
Dospundi? Sampun dipun penggalih dereng? Dintenipun saya caket lho! Yen mboten cekat-ceket, perkawisipun malah badhe saya ruwet! Mboten wurung dados bundhet!

07.BUPATI
(sareh) Iya. Aku ngerti Dhiajeng.

08.GARWA ENEM
(nyaut) Yen sampun priksa kenging menapa mangu-mangu!....Perkawisipun menika rak mboten angel!... Minangka Bupati, Kangmas kantun ngendika..... "yoh, dhiajeng. Panyuwunmu ndak leksanani."... Rampung ta?

09.BUPATI
Nek le rampung ki ya rampung. Ning perkarane ki ora mung kuwi.

10.GARWA ENEM
(nyaut) Lajeng menapa malih?

11.BUPATI
Nek aku entuk blaka. Panyuwunmu sepisan iki abot tumrap aku.

12.GARWA ENEM
(nyaut) Awrat? Wonten pundi awrad-ipun?

13. BUPATI
(sareh) Abote,, aku mentas ditilpun Tuan Asisten Residen. Wose, Tuan Asisten ngendika. Lebak bakal kertaraharja yen aku bisa ngendhaleni cara uripe kulawarga Kabupaten sing seneng suka pari suka ngentek-ke dhuwite negara. Iki sepisan. Kapindhone, Tuan Asisten ora sarujuk yen saben-saben Lebak ana tamu, kudu disubya-subya nganggo pahargyan gedhen-gedhenan. Ya iki, iki sing njalari aku dadi abot.

14.GARWA ENEM
(sinis) Heh! Nek ngaten menika jenenge Tuan Residen ya aneh!

15.BUPATI
Aneh piye?

16.GARWA ENEM
(mangkel) Lha njih aneh ta! Sebab ingkang nama nyugata tamu menika, wiwit rumiyin dumugi sepriki sampun limrah! Sampun dados tradisi ingkang mboten saged ical!..... Kaliyan malih, ingkang badhe rawuh menika sinten? Kadang ipe penjenengan ndalem injih sedherek kula sepuh piyambak! Mangka padha-padha Bupati! Apa klakon, Bupati ketemu Bupati, mangka ya sedulur dhewe, kok anyep-anyepan? Aneh ta menika?

17.BUPATI
Nek diwawas tekan kono pancen ya aneh.

18.GARWA ENEM
(nyaut - sengol) Lha gene priksa! Kenging menapa Kangmas mboten ngleksanani? …. (nglulu) Nuwun sewu njih Kangmas,… garwaku sing bagus dhewe…, sing tak tresnani dhewe,…. mbotena kula matur nandalem mesthi priksa. Gesang menika kudu nganggo ragad. Ragad menika tegese dhuwit! Dene gedhe cilike ragad gumantung cendhek lan dhuwure pangkat!. …. Yen tiyang kados kula, Kangmas, lan para piyayi kedah gesang kados kawula alit,… terus apa bedane bojon bupati karo wong cilik! Ngendi ana bojon bupati kok saben ndina nganggo jarik lawas, gelungan unthil-unthil, ora kramas - ora sabunan - ora pupuran lan ora bengesan?! Dhahare ya ming kudu tela dikrawu ampas!

19. BUPATI
Kosik ta. Lehmu mikir kok njur tekan kono.

20.GARWA ENEM
(nyaut) Hainjih mesthi dumugi riku wong ingkang badhe ketaman menika kula!

21.BUPATI
Kosik ta. Kowe ki aja nesu sik.

22.GARWA ENEM
(sengol) Hainjih mboten saged! Wong arep digawe wirang kok ra entuk nesu! Kangmas menika priksa ora?! Nek ngendikane Tuan Asisten menika tlonjonge ming bakal mrosote ajining dhirine kulawarga Kabupaten! …Ingatase kulawarga piyayi kok dikon urip kaya kere!.... Haiya ora isa! ….Injih mboten?!

23.BUPATI
(meneng wae)

24.GARWA ENEM
(nesu) Nandalem ki piye ta? Ditakoni meneng wae! Atur kula leres menapa mboten?!

25.BUPATI

Yoh,,…. Ngono ya kena.

26.GARWA ENEM
(sengol) Ta kuwi! Rak mangkelkke! Disuwuni priksa tenan kok olehe paring wangsulan ming ngglayem sak-kersane dhewe …(nirokke) Ngono ya kena. …. Ngaten menika apa ora mangkelke?! Ora nyerikke ati?!

27.BUPATI
Lha njur aku kon kudu piye? Wangsulan salah. Ora wangsulan ya kleru…. Karepmu ki jane piye ta?

28.GARWA ENEM
(manteb) Kajeng kula, nandalem ki mbok sing teges kados ingkang putra mantu menika! Dhasar bocahe bagus, pideksa, cekat-ceket trengginas, didhawuhi apa wae ngrampungi, mangka ya pinter leladi wong tuwa!

29.BUPATI
(ngulu) Haiya. Wong nek manut kowe piyayi sak Kabupaten iki sing cakrak dhewe, ….sing bekti dhewe,…. sing manut dhewe…. lan sing pinter dhewe ya ming putraku mantu. Didhawuhi ngalor, ngalor. Didhawuhi ngidul, ngidul. Saya nek didhawuhi ngeterke besiyar adoh, aku ora melu - mangka nginep. …Waaa, bungahe ora jamak.

30.GARWA ENEM
(sengol) Nandalem kok malah ngambra-ambra ta! Nandalem ki ketoke ngalem ning jane sujana!

31.BUPATI
(manteb) Ora! Ha mbok sumpah! Aku ki ora sujana. Ora. Wong angger kowe lunga karo anakku mantu aku ya ora piye-piye. Sing sok grenengan ki rak malah putraku putri merga bojone kerep kok jak lunga.

32.GARWA
(nyaut) Witikna yen ingkang purun ndherekken menika keng putra apa dikon ngejak wong liya! … Pareng menapa kula srimbit kaliyan tiyang sanes? Injih? Pareng? Yen mila pareng kula tak pados tiyang sanes!

33.BUPATI
(nglulu) Wis, wis, wis, ora sah digawe dawa ndhak malah padu. Wose, sak karepmu. Kowe arep lunga karo anakku mantu sedina apa rong ndina, gedhene sesasi,….. aku ora arep cawe-cawe.

34.GARWA ENEM
(sinis) Nek ngono kuwi jenenge ya nglulu!

35.BUPATI
Aku ki ora nglulu. Ning ngendika apa anane.

DEMANG & PUTRA MANTU DHATENG

36.PUTRA MANTU
Kula sowan, Rama.

37.GARWA ENEM
(gembira) O, kowe ngger. Kene-kene, maju wae. Lungguh kene caket ibu wae.

38.PUTRA MANTU
Nuwun sewu, kula wonten riki kemawon.

39.GARWA ENEM
(nyaut) Eee, aja! Anak mantu kok lungguhe ngedoh-ngedoh! Kene, lingguh cedhak ibu kene Ngger.

40.BUPATI
(nglulu) Iya, lungguha cedhak ibumu kuwi. Nek perlu ya luwih cedhak apa jejer sisan, ben penak olehe omong-omongan. Rak ya ngono ta Demange?

41.DEMANG
(manteb) Leres Kanjeng. Pangandikan menika yen tebih sok kirang cetha. Gampil klenta klentu. (ngguyu)

42.BUPATI
(nglulu) Mula kuwi,…nek aku dhawuh putraku mantu jejer ibune rak ya ora kleru ta?

43.DEMANG
(manteb) Mboten! Ngaten menika malah wicaksana.

44.GARWA ENEM
(nyaut) Nah ya ngono kuwi! Mula kene ta, cedhak ibu kene wae!

45.PUTRA MANTU
Sendika. (maju nyedhak ibune - nyembah) Bekti kula konjuk ing sak-ngandhaping pepada dalem.

46.BUPATI
(rada sengol) Yoh, tak tampa!

47.GARWA ENEM
(kaget) Lho,lho, lho! Piye ta? Dicaosi pangabekti kok sengol! Mbok sing alus! Nandalem menika isa alus apa ora?!

48.BUPATI
Aku kon alus. Yoh. (kaya kethoprak) Iya ngger, pangabektimu ndak tampa pengestuku bali tampanana. …. (mangkel) Kuna!

49.DEMANG
(nyembah) Nuwun sewu. Wonten dhawuh menapa, Kanjeng Bupati nimbali kula?

50.BUPATI
Ngene. Garwaku enom iki motah. Sakmangsa sedulure tuwa sakbrayat tilik mrene, aku disuwun ngadani pahargyan kanggo nyugata tamu. Mangka kowe ngerti,….. kas kaya Kabupaten wis saya nipis. Dhuwit sing mesthine dinggo ngrembug kawula, wis digunakke kanggo ngragadi butuhe kulawarga. Lha nek panyuwune garwaku ndak turuti, terus nggonku ragad nganggo dhuwit seka ngendi? Apa klakon kas kaya Kabupaten entek merga dinggo nyugata tamu?

51.DEMANG
(ngguyu) O, menika ta. Yen namung menika, gampil! Mboten perlu dipun angge ribet! Kanjeng kula aturi lenggah sekeca dhahar eca, kula kaliyan ingkang putra ingkang badhe ngrampungi. (ngguyu) Rak injih ta Denmas?

52.PUTRA MANTU
(nyaut) Nuwun sewu. Rama mboten perlu kuwatos. Pahargyan ingkang dipun suwun ibu temtu kaleksanan, sak-uger Rama ndhahar unjuk tetimbanganipun Demang Parang Kujang.

53. BUPATI
Tenan apa?

54.PUTRA MANTU
(nyembah) Sakestu Rama (marang Demang) Wis, sak iki matura!

55.DEMANG
(nyembah) Punten ndalem sewu. Perkawis ragad, Kanjeng mboten perlu repot. …. Kawula ing Lebak menika kathahk. Mangka sami gadhah rajakaya, iwen, sato, pari saha wulu wedal sanesipun. Sakuger dipun pundhut, dipun klempakaken lan dipun sade rak cekap kangge ragad ta Kanjeng!

56.GARWA ENEM
(nyaut- seneng – manteb) Naaaa!! Karepku ki ya ngono kuwi!

57.BUPATI
(manteb) Ning aku sing emoh! Ingatase arep nganakke pahargyan kok njaluk ragad wong ciliki! Iya nek wong-wong kuwi padha lila. Nek ora? Isin aku!

58.DEMANG
(nyaut) Mboten Kanjeng! mBoten badhe kelampahan. Mergi sedaya menika kantun caranipun damel lapuran! .... (maju – nuduhke buku) Cobi kula aturi mriksani lapuran wulan kepengker! Seminggu kepengker keng garwa ngersakaken mundhut kalung, gelang kaliyan suweng.... Wonten buku menika kula serat, …tumbas bata. Lajeng menika,..... putra dalem mant tindak besiyar wonten riki kula serat,..... dana kenakalan

59.BUPATI
Kok ngono Demange?

60.DEMANG
(nyaut) Njih kedah ngaten, wong menika namung cara!

61.BUPATI
Hiya ya Demange.

60.DEMANG
Mila supados panyuwunipun garwa dalem enem keturutan, kawula ing Lebak kedah caos bulu bekti langkung kathah. Pajeg sabin, griya, rajakaya, pajeg mergi lan pajeg sanesipun dipun indhakaken! Yen sampun ngaten Kabupaten temtu badhe angsal arta kangge ngadani pahargyan! ...Rak njih ngaten ta Denayu?

61.GARWA ENEM
(nimbrung) Cocog!

62.BUPATI
(nyambung) Aku sing ora cocog! Merga nek perkara iki konangan Asisten Residen, aku sing bakal cilaka! Cilik dipocot le dadi Bupati!

63.DEMANG
(manteb) Menika rak menawi caranipun klentu! Yen leres? Kula tanggel, Kanjeng temtu wilujeng. Sebab mlebet medalipun arta ingkang kedah dipun lapuraken dhateng Tuan Asisten menika rak sampun kula damel!

64.BUPATI
Iya. Ning kaya ngono kuwi jenenge korupsin Demang.

65.DEMANG
(manteb) Yen dipun priksani sak-tleraman mila njih korupsi. Ning yen dipun tlesih estu, ngaten menika limrah kok Kanjeng! Mergi ingkang nama korupsi menika sampun ngoyot dados kabudayan! Wiwit sakiing nginggil piyambak dumugi ngandhap piyambak, sedaya sami nglamahi!

66.BUPATI

Karepmu, waton lapurane digawe apik, ketemu nalar, Tuan Asisten ora bakal ngerti.

67.DEMANGE
(manteb) Injih!

68.BUPATI
Upama ana sing ngerti terus nglapurke aku?

69.PUTRA MANTU
(manteb) Menika mboten badhe kelampahan. Bukti sampun ampun kathah. Saben-saben wonten ingkang lapur temtu cilaka! Mergi saged dipun dakwa nyebar pitenah, saha ngucemaken asmaning Bupati!

70.GARWA ENEM
(nyaut) Mangka wong mitenah uwong lan gawe kucem asmane Bupati kuwi bisa dikunjara! ...

71.PUTRA MANTU
(manteb) Utawi malih, tiyang sak kabupaten menika mboten wonten ingkang wani nglapuraken Rama! Yen wonten ingkang wani kula ingkang badhe temandang! Tiyang menika mesthi kula rampungi!

77.GARWA ENEM
(nyaut gembira -nyedhak) Bagus! Kowe pancen bagus tenan Ngger. Ora ngilang-ngilangke le dadi putra mantu… Ning..,.. mbok le nganggo klambi ki sing apik. Cah bagus-bagus kok le nyandhang ora besus. (mbenakke klambine putra mantu) Benike iki pener ngono lho!.... Rak injih ta Kangmas?

78.BUPATI
(radi ngoso) Aaaaa ya wis kono sak karepmu! Ora arep mikir! (marang Demange) Demange. Perkara iki ndak pasrahke kowe! Sirahku mumet ngrasakke lelakon iki!

BUPATI KESAH -LAMPU BLACK OUT - CUT TO

ADEGAN : IV PANGGUNG GEDHE

Musik : Membuat suasana ramai

Keterangan : Orang-orang berdatangan dengan wajah takut. Ujang dan Sindhung terlihat membawa pentungan dengan wajah marah.

01 UJANG.
(sereng) He!... Sapa sing ora nggawa bulubekti?! … Sapa!!?

02.MINAH
(wedi) Ku….kula Ndara!

03.UJANG
(sereng) Kena apa ora nggawa?! ….Apa kowe njaluk dikunjara?!

04.MINAH
(wedi) Mboten Ndara!... Mboten !!! Kula ampun dikunjara!!

05.SINDHUNG
(seraeg) Kowe ki rak ngerti?! Apese ya krungu!! Nek saben sasi wong-wong Lebak kudu asok bulubekti!!! Separo seka asil bumi sing kok olah, kudu dicaoske minangka pajeg marang Kanjeng Bupati!

04.MINAH
(wedi) Ning sawah kula mboten panen Ndara!! Parine sami dipangan tikus!!

05.SURATI
(nyaut -wedi) Nggen kula nggih ngoten Ndara! Parine dha gabug kabeh! Wong mboten entuk banyu!

06.GINAH
(nyaut) Sami kalih nggen kula Ndara!!!

WONG-WONG PADHA – RIBUT – SAUR MANUK

07.UJANG
(keras) Meneng!!!.... Ora kena ting craek!!! Ayooo,….meneng! Saiki sing nggawa pajeg lingguh kana!!!.... Sing ora nggawa pajeng,… lingguh kene!!!!

WONG LORO PINDAH – LIYANE TETEP ANA PAPANE

08.SINDHUNG
(muring) Kurangajar! Wong semene okehe iki sing nggawa pajage ming loro?!! Kowe ki wis dha kepengin manggon neng kunjaran pa piye, he???

09.DEMANG
(kemaki) Piye – piye,… ana apa iki? Tak rungokke seka njero kok ramene ora jamak! Ana apa iki Ndhung?!!

10. SINDHUNG
(manteb) Menika Ki Demang! Tiyang-tiyang menika mboten mbekta bulubekti kagem Kanjeng Bupati!!!!.

11.DEMANG
(manteb) Nek ngono, saiki dha dirungokke kabeh! Sapa sing ora mbayar pajeg, kudu kerja paksa lawase 20 dina!

WONG-WONG PDHA RIBUT. WAYANG MILEHNIUM GAWE SWASANA.
LAMPU PANGGUNG GEDHE BLACK OUT – CUT TO

ADEGAN : V KANTOR

Musik : Bikin suasana "glenyengan"

Katrangan : Max Hacelaar (Asisten Residen) duduk. Multatuli berdiri mengejek.

01.MULTATULI
(ngguyu –semu ngece) Piye?..... Piye? Kok ora sembada karo sumpahmu mbiyen. ...(nirokke) Demi Sri Baginda Ratu Wihelmina, demi kerajaan Belanda tercinta, saya bersumpah. Saya siap menjadi Asisten Residen! Saya siap memberantas korupsi di negeri ini!.....Ora wurung ya ming "plekenyik. Ngadhepi kasus korupsine Bupati Lebak, malah "lebay!"

02.TUAN ASISTEN
(dhateng) Komentarmu kok sinis ta? Serik nek aku dadi Asisten Residen? Lan kowe ming dadi penulis buku dengan nama samaran Multatuli!

03. MULTATULI
Lho,.... Kuwi caraku! Cara sing tak pilih dingo mbukak kasus korupsi neng Lebak! Mula aku ora duwe ambisi disebut Tuan Asisten Residen Max Havelaar!

04.TUAN ASISTEN
Kowe aja munafik. Saben uwong duwe karep nyekel panguwasa. Sebab panguwasa sing ditindakke dengan cara yang baik,... dan digunakan seluas-luasnya untuk kepentingan rakyat, kesejahteraan akan tercapai!

05.MULTATULI
(nyaut-ngece) Kuwi teori Bung! Teori..!!! Ning praktekke? Realitase?? Kekuasaan itu cenderung korup! Ora ana cara liya dinggo ngukuhi kekuasaan kecuali bersikap otoriter dan absulud!

06.TUAN ASISTEN
(nyaut) Naa, iki. Ya neng kene iki bedane pengarang karo pejabat. Nek pejabat bertindak berdasar logika dan aturan hukum. Ning nek penulis? Isane ming ngumbar pengangen-angen terus ditulis nganggo dakik-dakik ssing ora ngedhongke!

06a. MULTATULI
(nyaut) Contone?

06b.TUAN ASISTEN
(nirokke chairil anwar) "aku ini binatang jalang. Dari kumpulan yang terbuang." Aneh ta kuwi? Ha wong ming arep muni "aku ki kere" we digawe angel!

07. MULTATULI
Nek dipikir pejabat ki ya padha wae le ora jelas! Malah nganggo leda-lede barang!

08.TUAN ASISTEN
(nyelani) Buktine?

09.MULTATULI
(ngece) Lha kowe dhewe ngalami ta? Kelingan sumpahmu ora? Jare mbiyen arep berdiri di garda depan pemberantasan korupsi. Jebul entek-entekane ya ming kaya krupuk! Dipepe plempung, plempung, plempung,... bareng kena angin mak peeessss.....! (maju) Kuwi durung! Kowe mengko arep saya ora jelas nek sing kena kasus korupsi sedulurmu dhewe, apa kancamu tunggal partai! Wani totohan,.... kowe mengko mesthi ganti peran dadi bakule wedang jalan Bantul!

09a.MAX HAMELAAR
Kok bakule wedang jalan Bantul?

09b.MULTATULI
(cetha) Ha bisu!

10.MAX HAVELAAR
(kemaki) Iki. Ya ngene iki. Ngene iki bedane pengarang karo penulis. Sing jenenge penulis ki mesthi ora paham struktur birokrasi, ora ngerti tugas pokok dan fungsi, ora dhong karo kewenangan! ...Sebagai penulis kowe kudu ngerti nek sak ndhuwure Asisten Residen ki isih ana Gubernur, Gubernur Jendral dan Perdana Menteri sing kewenangane luwih gedhe timbang aku!

11.MULTATULI
(nyaut) Dengan kata lain,..... kowe ming arep omong nek Asisten Residen ki bature Gubernur, Ngono ta?

12.MAX HAVELAAR
(glagepan) Ha....haiya.

13.MULTATULI
(ngglece) Ha gene ki ya ming batur! Ndekna kemakine ora jamak! Nek neng ngarepe wartawan selalu tampil trendi, acting, heroik, bermain retorika, ethok-ethok mbelani rakyat! Ning jane ya jarkoni! Isa ujar ora isa nglakoni! ... Mula ora bakal isa melakukan pemerantasan korupsi!

14.MAX HAVELAAR
(nyaut) Penulis ki ya padha wae! Ha mbok tulisane apik, kalimate runtut, bahasane bermutu tinggi penuh dengan metafor, ning hasile? Jas bukak iket blangkon! Sama juga sami mawon!

LAMPU PANGGUNG CILIK BLACK OUT – CUT TO

ADEGAN : VI PANGGUNG UTAMA

Musik : Membuat suasana bumi Jawa Barat

Katrangan : Mbok Karya sedang menganyam keranjang. Pak Karya berdiri di dekatnya.

01.MBOK KARYA
(sareh) Mangke riyin ta!. Kok sampeyan isa kandha jas bukak iket blangkon niku nalare pripun? Tuan Asisten Residen niku karepe apik lho Pak!

02.KARYA
(rada sengol) Apik tumrap wong bodho! Ning nek tumrap sing gelem mikir, ya tetep padha wae! Wong ora gawe enak kepenake bangsa pribumi.

03.MBOK KARYA
Ning napa duwe karep mbrantas korupsi niku kleru? Rak mboten ta? Merga sing jenenge korupsi niku tumindak sing elek banget! Mboten ming nilep dhuwite negara. Ning nggih gawe cilakane kawula.

04.KARYA
Tenane ki ya ngono. Ning coba ta pikiren sing dawa! Nek dhuwit pajeg sing disetorke neng Kabupaten ora dikorupsi Kanjeng Bupati,…. terus disetorke sapa?

05.MBOK KARYA
Ha nggih disetorke Tuan Asisten!

06.KARYA
Nek disetorke Tuan Asisten terus arep nggo apa? Apa dingo gawe enak lan kepenake kawula? Ora. Ora Mbokne! …Kabeh dhuwit sing mlebu neng Karesidhenan kuwi bar dieting kabeh, ditumpuk, diwadhahi pethi, terus diserahke pemerintah kolonial, dinggo gawe enak lan kepenake bangsa manca sak cindhil abange!

07.MBOK KARYA
Nek ngoten, awake dhewe mbayar pajeg niku ming dha dirayah nggih Pak. Lupute dijarah Kanjeng Bupati sak kluwargane, nggih digawa lunga dinggo ngepenakke bangsa Landa.

08.KARYA
(ngyakinake) Mula kuwi! Aku rak wis bola-bali kandha ta. Awake dhewe iki urip neng jaman sing keblinger. Okeh wong mendem kuwasa. Okeh maling ngaku satriya. Bajingan ngaku pejuang. Sing jujur kojur sing murka dadi mulya! Kabeh kuwi kelakon merga awake dhewe ora tumindak apa-apa!

09.MBOK KARYA
(rada wedi) Paak,… mbok le ngendika ampun tekan riku. Mangke nek onten sing krungu mbebayani lho! Awake dhewe niki wong cilik, ora duwe kekuwatan apa-apa. Isane ya ming sambat karo nggersula.

10.KARYA
(manteb) Naaa, iki! Iki sing aku ora setuju! Urip iki keras Mbokmu! Atos! Ora cukup dingo sambat karo nggersula, merga kaya ngono kuwi ora bakal isa ngrampungi perkara!

11.MBOK KARYA
Lha terus awake dhewe kudu pripun Pak?

12.KARYA
(manteb) Mbudidaya luwar seka panadhang.

13.MBOK KARYA
Carane?

14.KARYA
Kuwi sing lagi pikir.

MUSIK KAPRUNGU DIRA TEKA SAJAK KESUSU

15.DIRA
(bengok-bengok seka kadohan) Lik,..Lik Karya!!!.... Geger Lik!! Geger!!! (nyedhak Karya) Desane dhewe geger Lik!..Geger tenan iki?!!

16.KARYA
Sik ta! Kow teka-teka mbanyaki ki ngapa Ra???

17.DIRA
(manteb) Anu Kang, mau ta, aku weruh prajurit dhampyak-dhampak mlebu desa. Bleeeng….!!! Aku njur ndhelik amping-amping grumbul,.. klesed-klesed, klesed,…! Arepa awakku dirubung ngangrang, ning tetep tak ampet. Aku meneng wae, wong wedi nek konangan perjurit! Ning ya kuwi, kocapa, bareng gegerku dirambati ula,… njingkat aku! Blassss,… aku mlayu sipat kuping! Jugangan tak lumpati, kali tak sabrangi,.. wusana aku njur tekan kene iki Kang!

18.MBOK KARYA
Orak Ra. Kowe ki rak ya ora kenthir ta? Ora nglangkahi oyod mimang ta?

19.DIRA
(manteb) Ya jelas ora!

20.MBOK KARYA
Lha terus lehmu mlayu-mlayu tekan kene iki arep kandha apa? Ana geger apa???

MUSIK KAPRUNGU SURATI & MINAH TEKA

29.SURATI
(nua) Liiiik! Tulung Lik! Tuluuung!..... (mlayu sajak gugup) Kula mang tulungi Lik! Bojo kula? Bojo kula nika pripun Lik?!

30.MINAH
(nimbrung) Enggih Lik! Bojone Surati nika kudu ndang ditulungi! Nek mboten ketututan isa mati tenan lho Lik!

31.MBOK KARYA
Kosik ta. Genahe ki ngapa? Bojone Surati kena apa?

32.SURATI
(wedi) Niki wau ta Lik, kabeh wong Lebak diklumpukke! Wose, sing duwe ingon-ingon kebo loro dijaluk siji, sing duwe papat dijaluk loro!

33.DIRA
(nyaut sero) Naaaa,... aku mau ki arep omong ngono kuwi Kang! Kebo – sapi – wedhus – bebek – menthog – pitik – banyak - meri,... dha digawani neng Kabupaten dingo pajeg!

34.KARYA
(nyaut) Kandhamu ki tenan pa piye?

35.MINAH
(panic) Tenan Lik! Rehne bojone Surati niku tetep ngukuhi kebone, mula terus dha dilarak lan diajar perjurit! Awake tatu arang kranjang! Nek mboten ditulungi, isa mati tenan Lik!

36.SURATI
(panik) Engggih Lik, kula mang tulungi! Bojo kula mang slametke!! Nek bojo kula mati, anak-anak kula njur pripun Lik??? ...Pripun???!!

37.DIRA
Ora ming kuwi lho Lik! Kebone anakmu Saija ya katut dirampas digawa neng Kabupaten!

38. KARYA
(muntab) Kurangajar! .... (mlayu lunga)

39.MBOK KARYA
Paaaaak..... !!! Ampun nekad Paak!

MUSIK KAPRUNGU – LAMPU PANGGUNG BLACK OUT – CUT TO

ADEGAN : VII PERAMPASAN KEBO

Musik : Membuat suasana tegang- gaduh

Keterangan : Visualisasi para prajurit merebut kerbau. Digambarakan dengan Wayang Millennium Wae hingga selesai.

LAMPU PANGGUNG MBURI BLACK OUT – CUT TO

ADEGAN : VIII PANGGUNG KECIL (B)

Musik : Membuat suasana sedih

Keterangan : Saija duduk melamun karena kehilangan kerbau yang ia sayangi. Adinda datang, mendekat dan melantunkan tembang.

01.ADINDA
(pangkur Ngrenas) Kakang kowe aja susah,

Ngelingana kasetyanku kang sawiji

Lara lapa tan keduwung.

Neng ndesa tetep mulya

Bebarengan, ngiseni urip kang luhur.

Ayo Kakang ge tangiya

Ngadhepi lelakon iki.

02.SAIJA
(sedhih) Ora isa Adinda! Uripku wis kebacut semplah! Atiku wis kebacut putung. Kebo sing tak tresnani, sing tau nylametke aku rikala arep dipangan macan, saiki dirampas! Digawa neng Kabupaten dingo pajeg!.... (sedhih) Aku wis ora duwe apa-apa meneh Adinda.

03.ADINDA
Ora Kang. Kowe isih nduwe aku. Aku sing seprana seprene ngancani kowe gondhelan janji lan kasetyan sing ora bakal pedhot merga kahanan. ….. Bungah susah – beja - cilaka,… kasetyanku tetep bakal semi lan ngrembaka ing sak dawane uripku.

04.SAIJA
(sedhih) Aku ngerti.

05.ADINDA
Nek kowe wis ngerti, kena apa atimu isih ribet lan sedhih? … Apa kowe lali impen sing wis dironce bareng, nalika kowe lan aku lingguh neng pinggir kedhung sinambi angon kebo. ….. (mesem – lembut) Swarane sulingmu sing galik-galik, wiramane sing nglangut nembus selaning wit-witan,… nuwuhake rasa tentrem sing tanpa pepindhan.

06.SAIJA
(ngadeg) Kuwi mbiyen Adinda. Mbiyen nalika keboku isih nyisihi uripku lan uripmu. Ning saiki? …. Rasa tentrem kuwi wis ambyar dadi sewalang-walang. Sing ana ming kari tatu lan panalangsa sing ora ana enteke.

07.ADINDA
(nyedhak) Kang, kowe aja kandha ngono.

08.SAIJA
(nyaut) Aku pancen kudu kandha ngono!

09.ADINDA
(ngyakinake) Ning kandhamu kuwi nuduhake ringkihe atimu Kang. Urip iki kasunyatan. Iki panadhang Kang. Panandhang sing kudu diadhepi. Nek pancen kebomu ilang merga dirampas, kena apa nalarmu ora gelem makarti? Kena apa kowe ora golek cara supaya duwe kebo meneh? Apa kowe ora kepengin nyambut gawe golek dhuwit neng kutha supaya isa tuku kebo meneh?

10.SAIJA
(rada kaget) Adinda?

11.ADINDA
(mesem) Kang, aku luwih seneng nyawang kowe ngungalke dhadha ngadhepi rubedaning urip katimbang ming nglokro nggetuni lelakon. Aku bakal surak. Atiku bakal lunjak-lunjak sakmangsa weruh kowe nuntun kebo, bali neng ndesa.

12.SAIJA
(gembira) Kowe bener Adinda.! Aku ora kena nglokro! Aku kudu bangkit seka rasa pasrah lan mbudidaya mujudke impen lan pengarep-arepe sing sak suwene iki tak simpen rapet neng atiku! …(ragu-ragu) Ning,….

12.ADINDA
Ning piye Kakang?

13.SAIJA
Nek aku neng kutha golek gaweyan, apa kowe gelem nunggu aku? Kowe ora ninggal aku nalika aku urip neng papan sing adoh seka desa iki?

14.ADINDA
(mesem) Kang,… tresna lan kasetyanku marang kowe tetep bakal tak gegem kenceng. Kayadene kecenge tekadmu nyambut gawe neng kutha.

15.SAIJA
Nek ngonno, aku tak mulih pamit Bapak karo Simbok. Sesuk esuk, untabna lungaku neng pinggir desa.

16.ADINDA
(gembira) Iya Kang.

MUSIK KAPRUNGU SAIJA LUNGA

17.ADINDA
(mbalik – arep mali – weruh Demang Parang Kujang – mundur)

18.DEMANG
Ra sah kaget.. Aku ora nyathek kok. (ngguyu) Aku mrene pancen tak sengaja. Sebab wis suwe aku pancen butuh omong perlu karo kowe. (ngguyu) ”Paham?”

19 ADINDA
Nek pancen ajeng perlu, nggih mangga, ngendika mawon. Ning mboten sah kalih ngguya-ngguyu ngoten niku.

20.DEMANG
Mbok aja ngece ngece! Wong cetha mrongos kok dionekke ngguya-ngguyu! (kemaki) Ning ra papa. “No problem!” ...Sing penting, “jangan brongkos iwak wedhus – senajan mrongos rupane bagus!

21.ADINDA
Wooo, mboten Ndara! Mboten ngoten niku. Sing bener niku, ...”Jangan brongkos iwake wedhus – untune mrongos lagake kementhus!”

22.DEMANG
(kemaki) Ora masalah! Arepa mrongos karo kementhus ning rak sugih! Pekarangane okeh! Sawahe ora sithik! Mangka isih ketambahan kebo 25 – sapi 25 – jaran 25 - wedhus 25 – bebek 25 – pitik 25 – menthoge telu!

23.ADINDA
Terus apa sambunge kalih kula?

24.DEMANG
(santai) Ming arep takon. Wis manteb tenan pa lehmu seneng karo Saija? Sebab ngono, ...rupamu ki ayu, solah bawamu luwes. Liringe mripatmu kaya lintang lanjer sore. Nek lagi omong, lambemu miwir kaya godhong pari kanginan. Rak ya eman-eman ta nek ming dipek cah ndesa sing uripe kesrakat! Cah kaya kowe ki pantese dadi bojon piyayi.... Apese ya bojon Demang!

25.ADINDA
Demang sinten?

26.DEMANG
(kemaki) Haiya aku, Demang Parang Kujang! Tak tanggung, utipmu mesthi kepenak! Butuh mangan enak keturutan. Butuh nyandhang apik kelakon. Mangka isih entuk sebutan Nyonyahe Demang Parang Kujang! ..Lhoo,... apa ora moncer?

27.ADINDA
Moncer niku rak tumrap sampeyan. Nek tumrap kula malah kosok baline! Merga kabeh uwong pun ngerti nek Demang Parang Kujang niku wong lanang ”thuk-mis!” Bojone ting tlecek. Saben panggonan duwe simpenan! Lha kok isih ajeng ngepek bojo kula.

28.DEMANG
Karang wong sugih je. Sak karepe ta? Mula nek kowe butuh urip mulya, manut, tak dadekke mbok enom. Gelang kalung, suweng, anting-anting,... tak tukokke. Sawah kidul ndesa tak ”setat-ne” kowe. Omah loji wetan pasar sak pekarangane, pek -en. ...Piye? Gelem ora?

29,ADINDA
Nuwun sewu Ndara. Senajan kula cah ndesa, ning kula dede prawan sak sen loro sing gampang blereng gebyaring kadonyan. Pikiran kula teksih waras. Teksih saged mbedakke sing apik kalih sing elek, sing bener kalih sing luput.

30.DEMANG
(santai) Alaaah,..mbok ra sah kemayu.

31.ADINDA
Kula mboten kemayu Ndara. Ning matur napa ontene. Nek sampeyan ajeng ngepek bojo kula,.... kula sing mboten purun! Jalaran kula mboten kepengin ngijati janji kula kalih kakang Saija.

32.DEMANG
(gemes) Mbok aja nggregetke ta. Iki mumpung aku gelem lho. Engko nek aku wis kagol, piye hayo?

33. ADINDA
Ha nggih mangga mawon! Butuhe kula boten purun dadi bojo sampeyan.

34.DEMANG
Wiiiis,.... kowe ora gelem tenan?

35.ADINDA
Mboten!

36.DEMANG
(nembang Sinom) Aku sida mati nggaaaaa……

KARYA DHATENG. NESU

37.KARYA
(nesu) Sampeyan ajeng napa?!.... Ajeng napa?!

38.DEMANG
(plinguran) Ora pa-pa. Ming ajar nembang kok! (marang Adinda) Sinom Parijatha kae cakepane piye ta Ndhuk?

39.KARYA
(muring) Sampeyan ampun gresek pawadan ngayawara! Saru! Kula pun ngerti! Sampeyan ngglembuk calon mantu kula! Ngiming-imingi bandha calon mantu kula!.... Napa dereng cukup olehe gawe sengsara kula kalih anak kula?! Napa teksih kurang olehe ngiwut mangan bandhane kawula?! Enggih?!

40.DEMANG
(kemaki) Suwaramu kok atos ta? Aku ki Demang sing kuwasa neng kene lho!

41.KARYA
(muring) Kula mboten berduli! Tumrap kula, Demang napa dede niku padhadene menungsa! Nek tumindake nasar, luwih-luwih ajeng gawe cilakane liyan, kudu diwaneni! Sing luput kudu dikandhakke luput, sing bener dikandhakke bener!

42.DEMANG
(kemaki) Welha saya kurangajar kowe! Bareng kumpul karo wong-wong sing ora sarujuk marang Kanjeng Bupati terus pinter omong kowe!

43.KARYA
Nek kula pinter sampeyan omong ajeng napa?! Alus kula saguh, kasar kula wani! Sebab sak lawase Lebak riki kanggonan uwong kaya sampeyan, kawula mboten ajeng tentrem! Mula sakniki awi, ngejak cara napa kula ladeni!

44.DEMANG
(kemaki) Elhooo, nantang ta kowe? Hiyoh! Dikira wedi! .... Nek pancen kowe ngejak krengan, adu jaja tangkep bahu,....titenana!... Tak kandhakke Landa!

45. DEMANG
Gene ki ya muntir! Andekna kemaki. Wis Nok, kowe ora perlu semelang. Ayo, tak terke mulih sak iki.

46. ADINDA
Enggih, Pak.

LAMPU PANGGUNG BLACK OUT – CUT TO

BABAK : IX OMAH SUDAGAR

Swasana : Gcmbira
Gendhing : Illustratif
Katrangan : Beberapa penduduk miskin (double casting) duduk.

01.GINAH
(marang kancane) Ti, ... awake dhewe kok diundang juragane putri ki arep dikapakke ta? Mengko gek diseneni.

02.PARTI
(nyaut) Lha kowe nduwe salah ora? Nek ra duwe rak ya ora sah wedi.

03. SENIK
Lha ning Ginah ki wingi ki ora mlebu telung ndina lho Yu.

04.PARTI
Ning aku wis pamit juragane kakung kok Yu.

05.TINUK
Pamita kae nek kowe dianggep kesed arep ngapa? Rak ya tetep kleru ta?

06.TOMBLOK
Wis, ra sah dha bingung, ra sah dha wedi. Kowe ki neng kene rak pegawe anyar ta? Durung ngerti pakulinane Ndara Putri.

07.GINAH
Lha piye ta Yu?

08.PARTI
Iya Yu,.. Ndara putri piye ta?

09.SENIK
Mbok aku dikandhani.

10.TOMBLOK
Ngene lho. Juragane Putri kae ki piyayine loma. Saben Setu ngedum beras, gula karo keperluan liyane dingo mbiyantu sapa wae sing nyambut gawe neng kene.

11.GINAH/PARTI/SENIK
Ooo,…. Ngono ta Yu.

NYI SUDAGAR TEKA (NGANGGO KURSI RODHA) DISURUNG SAIJA

12.NYI SUDAGAR
Sing diundang wis dha nglumpuk kabeh apa durung Mblok?

13. TOMBLOK
Dereng Ndara Putri. Sanesipun teksih sami nyambut damel wonten wingking. Ning sekedhap malih rampung kok.

14.NYI SUDAGAR
Ya wis ora papa. Mengko liyane nusul ya kena. (marang Saija) Ja, buntelan kae dumen siji-siji. Liyane gawanen neng mburi, didum sisan.

15..SAIJA
Njih Ndara. (ngedum buntelan)

16.WONG-WONG
Matur nuwun Ndara,… pareng nyuwun pamit.

KI SUDAGAR TEKA

17.SUDAGAR
(ora seneng atine) Ya ngono kuwi!….. Ngono kuwi sing aku ora seneng! Ming butuh di “wah,” … butuh dialem apik, kepengin dianggep loma, kok ancik-ancik cilakane wong liyan

18.NYI SUDAGAR
(sareh)_ Mangke riyin ta, sampeyan teka-teka kok njur nesu niku onten napa? Sing butuh dialem njur gawe rugine liyan niku sinten?

19.SUDAGAR
(mangkel) Haiya kowe!

20.NYI SUDAGAR
Kok kula?

21.SUDAGAR
Lehku mbantu pegawe-pegawe kuwi apa ora ngrugekke aku? Sing golek dhuwit ki aku. Dudu kowe! Mbiyen awake dhewe mlarat, sak iki dadi sugih, dadi sudagar sing cedhak karo pemerintah, dipercaya, …kabeh kuwi merga sapa? Merga aku!

22.NYI SUDAGAR
(sareh) Kula percaya. Sampeyan pancen pinter. Sapa pejabat sing ora kenal sampeyan merga kerep ngekeki hadiah.

23. SUDAGAR
Kuwi wis lumrah Nyi, Nengendi wae sing jenenge wong dagang ki ya golek gampang. Lan kabeh mau wis tak petung. Tegese dipetung tenan ki dipikirke "utung" - "rugi"-ne! Ora waton mbuwang, tanpa ngetung entuk-entukane!

22.NYI SUDAGAR
Kula ngerti Pak. Ning njenengan rak ya priksa ta. Kahanan lagi kaya ngoten. Pangan saya larang. Pengangguran saya okeh. Sing kepepet uripe ora sithik, klebu pegawene dhewe. Napa kula kleru nek mbantu uripe pegawene dhewe sing lagi rekasa?

23.SUDAGAR
(manteb) Kleru! ... Tetep kleru.

24.NYI SUDAGAR
Klerune?

25.SUDAGAR
Klerune, kowe mulang pegawene dhewe dadi kesed. Isane njagakke bantuwan, ora gelem temandang nyukupi kekurangane.

26.NYI SUDAGAR
Sampeyan ampun golek menange dhewe Pak. Mbok eling, dhek dereng dadi sudagar sugih. Dhek awake dhew isih rekasa mbiyen. Sampeyan rak nggih kerep nampa bantuwane wong iya ta?

(LIYANE IMPROVISASI)
LAMPU PANGGUNG BLACK OUT – CUT TO

BABAK : X KANTOR (MAX HAVELAAR)

Swasana : Renyah
Gendhing : Damel swasana
Katrangan : Max Havelaar bingung, ribet campur mangkel.

01.MAX HAVELAAR
(jengkel) Piye iki? Kahanan kok saya ora karuwan! Kekerasan merajalela! Krimnalitas meninggat Korupsine ya saya ngambra-ambra! Mangka sing berbuat anak buahku dhewe! Terus kapan negara iki dadi apik?

02. MULTATULI
(metu nyaut) Negara dadi apik, nek para penegak hukum, wis maca buku sing tak tulis.

03.MAX HAVELAAR
Kowe aja ngayawara. Neng jaman ngendi wae lan kahanan apa wae, buku ki ora isa menciptakan perubahan! Isane ming dituku, diwaca terus disimpen lemari! Nek wis lawas, letheg, suwek,... dibuwang pawuhan. ...Berrrr...!!! Kena apa ngono? Merga sing isa melahirkan perubahan kuwi ming... PEMEGANG KEKUASAAN..!

04.MULTATULI
(santai Contone?

05. MAX HAVELAAR
(manteb) Yulius Cesar, Napoleon Bonaparte, Jengis Khan, Mahapatih Gadjah Mada, Bung Karno dan Barak Obama.

06.MULTATULI
(ngece) Waaaa,.... aja ngawur Bro .....Neng jaman iki ki Bung Karno karo Obama durung lair! Kowe ki pejabat ning ora tau maca buku!

07.MAX HAVELAAR
Karang naskahe ki ya ngono kuwi je Tho.

08.MULTATULI
Tak kandhani ya. Sing kok sebut mau pancen wong-wong ampuh. Ning ya kuwi, mereka meninggal sebelum cita-citanya jadi kenyataan. Beda karo buku! Senajan suk aku mati, ning bukuku isih isa diwaca, dikenang! Bahkan bisa jadi inspirasi bagi mereka yang ingin merubah keadaan!

09.MAX HAVELAAR
Alaaahh,.. ming dadi inspirasi we bangga. Kowe ki lali pa piye nek sing jeneng inspirasi kuwi ming wacana? Nek wacana tegese dudu kenyataan! ....Ngono we kok digawe angel!

10.MULTATULI
Ha iki,.... iki masalahe.. Negara iki ora mau-maju salah satunya karene pejabate ora seneng maca buku! Apa rumangsamu tokoh-tokoh dunia sing kok sebut mau ora tau maca buku? ..Maca Dul,.... maca! Karena buku adalah jendela dunia!

11.MAX HAVELAAR
Oo,..dadi kowe bangga merga dadi penulis buku?

12.MULTATULI
Haiya jelaas..!!!

13. MAX HAVELAAR
Kowe ki aneh. Ming dadi jendela kok bangga! Beda karo aku. Nek aku berhasil memberantas korupsi dengan tindakan nyata,.... aku ora ming dadi jendela, ning dadi tokoh sejarah sing dikenang sepanjang masa! Dari generasi ke generasi, jenengku bakal disebut oleh anak cucu.

14.MULTATULI
(sinis) Nek lelakonmu ditulis dadi buku. Nek ora?,.... Rak ya ming dadi angin ta? Beja nek dadi angin laut apa angin dharat, ...nek ming dadi entut?

LAMPU PANGGUNG BLACK OUT – CUT TO

BABAK : XI DESA LEBAK

Swasana : Mantheng
Musik : Membuat suasana tegang
Katrangan : Visualisasi kerusuhan di desa Lebak muncul dipanggung belakang. Sementara Karya berada di panggung kecil depan memberi semangat.

01.KARYA
(manteb) Kowe kabeh aja nglokro! Ayo tangi! Tangi! Awake dhewe wis dianggep dudu menungsa! Awake dhewe wis dianggep kebo! Ayo tangi! Tangi Caa!! Sapa qwae sing ngina bangsane dhewe, gawe cilakane uripe awake dhewe kudu dirampungi! Luwih becik mati ngukuhi gegayuhan katimbang njerbabah neng sak ndhuwure panandhang! Ayo tangi,... tangiya Ca!

MUSIK KAPRUNGU - PUTRA MANTU DHATENG.

02.PUTRA MANTU
(manteb) O, jebul kowe sing mandhegan para kraman sing mapan neng ndesa kene?!

03.KARYA
(manteb) Kula akeni! Kula lan kanca-kanca ngimpun kekiyatan kangge lumawan panguwaos ing Lebak! Jalaran kula ngertos, panguwaosipun Kanjeng Bupati sampun mboten ancik-ancik leres saha adil!

04.PUTRA MANTU
(muring) Kurangajar! Wuwusmu saya ora tata! Ingatase kowe wong cilik, wani marang priyagung sing kagungan panguwasa!

05.KARYA
(manteb) Sing kula waneni dede Kangjeng Bupati! Nanging patrap sing mboten adil lan boten bener! .... Eling Denmas! Panguwasa Lebak empun malik kewan aneh sing nggegirisi!Mboten ming tegal mangan lemah, sawah, tanem tuwuh lan rajakaya, ning nggih mentala nguntal urip lan panguripane kawula!

06.PUTRA MANTU
(manteb) Cukup! Aku ora butuh kok wulang!

07.KARYA
(manteb) Wong kaya sampeyan isih butuh dipun wulang! Merga sampeyan empun wuta marang panandhange kawula!

08.PUTRA MANTU
(muntab) Keparat!! Mati tenan kowe!!

PERANG. KARYA PEJAH. TIYANG-TIYANG NDHUSUN DHATENG, SEDAYA DIPUN PEJAHI. UJANG LAN SINDHUNG

09.UJANG
(manteb) Den Mas, cilaka Demas! Prajurit ingkang wonten sisih wetan karoban lawan! Sedaya sami mlajar mengsah tiyang-tiyang ndusun Lebak!

10.SINDHUNG
(nyambung) Mboten namung menika Denmas! Prajurit ingkang wonten sisih kilen ugi sami kethetheran ngadhepi mengsah! Mila, kula sumanggakaken!

11.PUTRA MANTU
Nek ngono, Ujang tak dhawuhi njaluk pambiyantu Landa. Dene Sindhung melu aku ngundurke wong-wong sing wis kalap kae!

12.UJANG & SINDHUNG
(manteb) Sendika!

MUSIK KAPRUNGU -PUTRA MANTU, UJANG LAN SINDHUNG LUNGA.
SAIJA TEKA WERUH JISIME BAPAKNE. NUBRUK

13.SAIJA
(groyok) Paak?! …. Bapaak?! Kena apa kowe dadi kaya ngene?! Kowe kena apa Pak?! Sapa sing mateni kowe?! Sapaa Paak?! Sapaaa….???!!! (ngekep jisimipun Karya). (ngadeg) He wong-wong Lebak,…ayo amuk!! Amuuk, patenana aku,…patenana aku.. (mlayu – ketembak – ambruk)

LAMPU SUREM. MAX HAVELAAR & MULTATULI TEKA

KETERANGAN:
MAX HAVELLAR NYOPOTI PANGKATE.
MULTATULI NYUWEKI BUKUNE.
LAMPU SAYA SUREM…..MATI.

T a m a T
Bondan Nusantara

Penjalin Dethuk

BONDAN NUSANTARA




TIM
PENGEMBANGAN
KETHOPRAK
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

Para Paraga:

01. Pak Krama
02. Mbok Sainem
03. Jambul
04. Pak Saiman
05. Panembahan Senapati
06. Patih Mandaraka
07. Adipati Jayakusuma
08. pangeran Purubaya
09. Raden Ayu Nilasari
10. Tumenggung Yudanegara
11. Tumenggung Alap-alap
12. Tumenggung Tepasana
13. Tumenggung Wiraguna
14. Tumenggung Sasrayuda
15. Tumenggung Sasraketu
16. Tumenggung Sasrabahu
17. Tumenggung Sasrakerti
18. Adipati Sura Adilaga
19 .Patih Sindhung Riwut
20. Raden Ayu Wuryan
21. Raden Ayu Nilasari
22. Emban Senik
23. Mbok Rara Kidul
24. Mbok Gendra
25. Para Penari
26. Perjurit Mataram
27. Perjurit Kadipaten Giri Wana

BABAK : I GUWA LANGSE

Paraga ***: Krama, Dhemit-dhemit, Mbok Rara Kidul***
Gendhing ***: Srepeg - Illustrasi***
Katrangan ***: Krama tapa. Mungkur. Para putri teka ndhereke. Rara Kidul.***

01.RARA KIDUL
(WIBAWA) Pak Krama. Tangiya. Pungkasana nggonmu laku prihatin.

02.KRAMA
(NGADEG BINGUNG – WERUH – NGEDOH – WEDI)

03.RARA KIDUL
Kowe aja wedi. Aku ora bakal nganggu siku kowe. Kepara bakal mitulungi kowe. Mula, kowe pra perlu wedi..

04.KRAMA
(WEDI) Nuwun sewu. Penjenengan menika sinten?

05.RARA KIDUL
(WIBAWA) Ngertiya, Aku pepatih dalem Kanjeng Ratu Kidul, Ratu Putri sing nguawasani segara Kidul sak isine. .

06. KRAMA
Lajeng asma penjenengan?

07.RARA KIDUL
(WIBAWA) Aku mbok Rara Kidul. Dene nggonku mrepegi kowe iki merga diutus pepundhenku, nggugah nggonmu mesuraga. Jalarann Kanjeng Ratu priksa yen kowe duwe krenteg becik lambaran laku prihatin kanggo mulyakke anak bojomu.

08.KRAMA

Injih. Matur sembah nuwun Mbok Rara.

09.RARA KIDUL

(WIBAWA) Ora mi kuwi pak Krama. Kanjeng Ratu uga dhawuh aku supa paring pitulungan marang kowe.

10.KRAMA

(KAGET CAMPUR SENENG) Estu menapa?! Waah,... hainjih mattur nuwun sanget..... Ha ning,... pitulungan menapa ingkang badhe pun paringken kula Mbok Rara?

11.RARA KIDUL
(WIBAWA) Nek kowe temen-temen kepengin muktekke anak bojomu, aku bakal peparing pusaka wujud kayu sing aran Penjalin Pethuk. Ya sarana pusaka kuwi urpmu bakal mukti.

12.KRAMA
(SENENG) Wadhuuuh,.. sembah nuwun Mbok Rama! Sembah nuwun sanget!!

13.RARA KIDUL
Mung wae, Penjalin pethuk kuwi ana walere. Nek kowe daksiya marang pepadhamu, luwih-kuwih nyingkiri bebener, kowe bakal nampa sapu dhendhaning Gusti.

14.KRAMA
(SENENG) Oo, injih! Sendika! Ngendika Dalem badhe kula candhi! Lan kula mboten badhe kesupen!

15.RARA KIDUL
Rehne perluku wis rampung, mula majua. Pusaka iki tampanana.

16.KRAMA
(MANTEB) Sendika!

KRAMA MAJU - NAMPANI PECUT – LAMPU BLACK OUT

BABAK : II ALAS

Paraga ***: Sasrayuda, Sasrakerti, Sasrabahu, Sasrakethu. Yudanegara, Wiraguna, Alap-alap***
Gendhing ***: Lancaran – rep***
Katrangan ***: Prajurit Mataram kepapag wadyabala Giri Wanar.***

01.SASRAYUDA
(SANTAK) Mandheg!.... Ayo mandheg! Kowe kabeh ora kena neruske laku!

02. YUDANEGARA
(MANTEB) Ketemu pirang perkara kowe nyegat lakune perjurit Metaram!

03.SASRAKERTI
(SERO – MANTEB) Sak perkara!! Wanter dhawuhe pepundhenku wong-wong Metaram ora kena mlebu wewengkon Nggiri Wana!

04.WIRAGUNA
(NYAUT) Kowe aja waton ngucap! Aku sak kanca iki ngemban dhawuh dalem Kanjeng Panembahan Senapati!

05.SASRABAHU
(NYAUT) Aku ora perduli! Sesembahanku Kanjeng Adipati Sura Adilaga ora sudi dheku-dheku neng ngersane sesembahanmu!

06.ALAP-ALAP
(NYAUT) Swaramu ngabangke kuping! Minangka senapati aku sinampiran

purba wasesa ngrampungi kowe sak kanca!

05.SASRAKETU
(NGGUYU) Apa kok kira aku wedi? Ora!.Aku sak kanca iki perjurit pilihan! Aja meneh tatu,mati bakal tak wujudi!

06.YUDANEGARA
(NYAUT) Semono uga aku ! Minangka duta ngrampungi, baliku kudu nggawa keterangan, apa sebabe Sura Adilaga ora gelem sowan lan asok glondhong pengareng-areng neng Metaram!

07.SASRAYUDA
(NYAUT) Budhega kowe weruh, picaka kowe krungu! Sesembahanku wis nyawiji karo Panembahan Rangga Jumena Mediun! Merga Kanjeng Adipati priksa nek Metaram bakal ngelar jajahan mengetan!

08. TEPASANA
(NYAUT –MANTEB) Kowe aja clometan! Kanjeng Panembahan ora bakal ngelar jajahan, nanging kagungan ancas luhur manunggalake para Adipati Brang Wetan!

09. SASRABAHU
Kedhung jero kena dijajaki, atine uwong sapa sing ngerti!!!

10.WIRAGUNA
(MANTEB) O, cetha sak iki! Nggiri Wana pancen wis nekad, arep mbalela neng Metaram!

11.SASRAYUDA
Nek iya kowe arep ngapa?!

12.WIRAGUNA
Budi tak sembadani – bangga tak rampungi!

13. SASRAYUDA
(SERO) Caaa,.... majuu!!

PERANG RAME – PRAJURIT MATARAM KEPLAYU – KRAMA TEKA – NGADHEPI SASRAYUDA SAK KANCANE!

14.KRAMA
(MANTEB) He,..wong-wong Nggiri Wana! Nek pancen sekti aja maju mbaka siji! (NGUNUS PENJALIN PETHUK) Ayo maju bareng! Aku sing bakal ngrampungi kowe!

15. SASRAYUDA
Ca...!!! Ranjab!!!

SASRAYUDA CS MAJU – KAPERBAWAN – MUNDUR SENGGOYORAN – MAJU MANEH – KAPERBAWAN – MUNDUR SENGGOYORAN

16.SASRAYUDA
Caa,...mlayu Caa! Munduuurr..!!!! (MLAYU)

KRAMA NYAWANG – LAMPU BLACK OUT - BABAK II RAMPUNG

Cathetan:
Yen kedawan, dialog adegan iki bisa dikethok manut kebutuhan.

BABAK : III PEKARANGAN OMAH DESA

Paraga : Sainem, Jambul, mbok Gendra, Krama, Saiman
Gendhing : Srepeg seseg – rep
Katrangan : Mbok Gendra metu karo nyabeti Jambul. Jambul wedi

01.MBOK GENDRA
(NESU - NYABETI) Bocah ora genah! Isih cilik wis dadi maling!! Arep mlayu nengendi kowe! (NYABET) Iki jalukanmu!!

02.JAMBUL
(WEDI) Ampun Den Nganten! Sakit!! Kula ampun disabeti!!! Kula kapok Den Nganten?!!!

03.MBOK GENDRA
(NESU – NYABETI) Kapok-kapok apa! Cah kaya kowe ki kudu disabeti!! Ayo endi, Mbokmu?!.. Kon rene!!

04.JAMBUL
(WEDI) Kula mboten ngerti Den Nganten!!

.05.MBOK GENDRA
(NESU) Goroh!!!! …. (SERO) Nem,… Sainem!!! ...Rene!!

06.SAINEM
(METU) Onten napa Den Nganten?

07.MBOK GENDRA
(NJOROGKE JAMBUL NGANTI TIBA NENG NGAREPE SAINEM) Anakmu wani kurangajar! Ora tau kok wulang nek nyolong kuwi tumindak ora apik?!! Hiya?! .... Cilik wis daijari maling suk gedhe dadi grayak!!

08.JAMBUL
(WEDI) Mbok,...lara Mbok, aku disabeti Den Nganten Gendra!

09.SAINEM
Ya kosik Le. Tak larahe sik. Nyuwun ngaputen Den Nganten, Jambul niki salah napa kok mang sabeti.

10.MBOK GENDRA
(NESU) Walaaaaah,... ethok-ethok ora ngerti! Kutuk api lamur trenggiling api mati! Anakmu kuwi nyolong tela godhogan neng ngomahku! Bareng konangan terus mlayu nggendring! Telane dibuwang kalen!! Nek dudu kowe sing ngajani, sengara klakon anakmu wani nyolong!

11.SAINEM
(WEDI) Mbok ampun waton ndakwa ta Den Ngaten. Ngendi ana wong tuwa ngajari anak colong jupuk. Arepa kula wong ora duwe, ning kula teksih isa mulang anak supaya tumindak becik!!

12.MBOK GENDRA
(NYAUT) Iyaaah, mbel thut! Nengendi wae, wong ki nek mlarat – uripe kesrakat - mangka wis kepepet ra isa mangan -.arep neng-ndi meneh parane? Lupute ngapusi ya nyolong!!

13.SAINEM
(NGAKINAKE) Ning kula mboten Den Nganten!! Nek pancen Jambul kleru kula sing njalukke ngapura! Kula tesih saguh mulang anak supaya mboten mbaleni tumindake!

13.MBOK GENDRA
(NGEPRET LAMBE) Ora ngandel! Pokoke aku ora trima! Rehne anakmu wani nyolong lan kowe sing ngajani, kowe tak gawa neng Kelurahan!!!

14.JAMBUL
(WEDI) Ampun Den Ngaten,... Simbok ampun digawa!!

15.MBOK GENDRA
(NESU) Ora isa!!! ...Mbokmu kudu tanggung jawab!! Ayo kowe melu aku! Melu aku!!!

SAIMAN TEKA NGGAWA SITER TANPA GAMELAN

16. SAIMAN
(NYAUT REMBUG) Lho, lho, lho. Ngapa iki? Onten napa Den Ngaten?

16.MBOK GENDRA
(NESU) Sainem arep tak gawa neng Kelurahan! Merga ngajani putumu nyolong tela ngomahku!!

17.SAIMAN
(SAREH) Pun, empun. Mboten sah duka. Nek perkarane ming perkara tela,...kula sing tanggung jawab. Kula sing ngijoli.. Wong niki wau leh kula mbarang nggih angsal arta. (NJUPUK DHUWIT) Ngga, dhuwit kula mang beta dinggo ijole tela sing dijupuk putu kula.

18.MBOK GENDRA
(SINIS) Pira kuwi?!

19.SAIMAN
Limang kepeng. ...Cekap ta?

20.MBOK GENDRA .
(mbesengut) Nek jane ya kurang! Wong lehku rugi luwih seka kuwi! Ning ora papa, timbang ra entuk ijol, kene, (NYAUT DHUWIT) tak gawane bali! (MLAKU MBALIK MANEH) Awas kowe! Janji nyolong meneh, ooo, titenana! Tak kon ngijoli tikel sepuluh!

GAMELAN KAPRUNGU – MBOK GENDRA LUNGA – GAMELAN

21.SAINEM
(MANGKEL) Kowe ki piye ta Le? Kok nganti gawe isin aku ki piye?! Simbok ki rak ora tau ngajari nyolong! Kena apa kowe wan tumindak ngono? Apa sebabe?!

22.JAMBUL
(WEDI) Aku,... aku ngelih kok Mbok. Sedina durung mangan mangka simbok ya ora ngliwet..Lha aku njur kon mangan apa?

23.SAINEM
(NGEKEP ANAKE) Owalaah Le! Apuranen Simbok! Simbok sing (NANGIS) Simbok sing luput le! Semono uga Bapakmu sing ora isa nggolekke pangan kowe! (MARANG SAIMAN - SEDHIH) Pripun niki Pak,....uripe awake dhewe kok dadi kaya ngoten niki pripun? Gubug ming nunut, sawah ora duwe, mangan ora ajeg, duwe bojo we ora tanggung jawab. Saben ndina Mming lunga ora saba omah.

24.SAIMAN
Ya ngene iki sing jenengei pacoban. Ning nek perkara bojomu le ora tau nengomah kuwi, jane aku sing akon. Dheweke lagi tak kon prihatin neng sak urute pesisir kidul, sapa ngerti nemu kabegjan

25.KRAMA
(SEKA KADOHAN) Paaak,.... Kula bali Pak!

GAMELAN SESEG - REP

26.KRAMA
(METU) Penuwunku kasil Nem!!

27.SAINEM
(MAJU – NYEDHAK) Kasil piye Kang?! Piye??!!

20.KRAMA
Aku arep disuwatakke neng Metaram, Nem!!!

31.SAINEM
(KAGET – SENENG) Neng Metaram?!!!

29.KRAMA
Iya Nem!! Neng Metaram!!!

LAMPU BLACK OUT – BABAK III RAMPUNG'

BABAK: IV KADIPATEN GIRI WANA

Paraga : *Adipati Sura Adilaga, Patih Sindhung Riwut, Suragobang, Surawana, Surawani, Surabangah, Nyai Adipati.*
Gendhing : *Gagah – Suwuk - Palaran*
Katrangan : *Kabeh laku dhodhok sowan gendhing rep. Palaran*

01.SURA ADILAGA
(SINOM) Sira kabeh tanpa guna.
Suwita neng ngersa mami
Apa gunane kekucah.
Tinampa ing saben sasi.
Yen datan bisa mrantas
Ngucemake asma-ningsun.

02.SINDHUNG RIWUT
Duh Kanjeng nyadhong deduka
Lepat amba den aksami.

03.SURA ADILAGA
Ge menenga, aturmu mung gawe cuwa!

04.NYAI ADIPATI
(TEGAS) Kangmas! Mbok sampun ta! Sampun! Nandalem menika mesthi ngono kok! Sithik-sithik duka – sithik sithik duka! Menika wonten pisowanan!

05.SURA ADILAGA
(NESU) Sing kebangeten iki menus-menus iki! Ming karo cah ndesa mangka ya ijen,… kok mlayu nggendring kaya kancil dioyak macan! Apa kaya ngono kuwi aku ra entuk nesu!! Andekna nek matur neng ngersaku! …. (NIROKAKE - MANTEB) “Kanjeng Adipatai mboten perlu kuwatos! Metaram temtu kawon!”...Kawon – kawon gundhulmu atos! Kuwi

06.NYAI ADIPATI
(TEGAS) Lho, rak terus kasar ta! Nandalem menika nek duka mesthir keladuk. Ngendikane tekan ngendi-endi! Sampun! Sak menika lenggah rumiyin! Mangga, lenggah!.

07.SURA ADILAGA
(NESU) Tujune ana dhiajeng Wuryan! Upama ora ana garwaku,……

08.NYAI ADIPATI
(TEGAS) Sampun ta mangga! Lenggah rumiyin. Kangmas rak dereng mundhut priksa jlentrehipun ta!

09.SURA ADILAGA
(NYAWANG SASRAYUDA) Janji wani cemuwit, tak dugang! (LINGGUH)

10.NYAI ADIPATI
(TEGAS) Sindhung Riwut! Sak iki matura sing cetha kareben penggalihe Kangmas ora duka wae.

11.SINDHUNG RIWUT
(NYEMBAH) Nuwun sewu Kanjeng. Manut pelapuran ingkang kula tampi, Sekawit perjurit Nggiri Wana saged sasap. Ning sareng wonten tiyang ndhusun mbiyantu wadyabala Metaram, Sasrayuda, Sasrabahu, Sasrakethu lan Sasrapati keplajar Kanjeng!

12.SURA ADILAGA
(NYAUT) Kok isa keplayu?!

13.SINDHUNG RIWUT
Tiyang menika mbekta pusaka wujudpun penjalin! Ampuhipun kagila-gila. Nalika dipun tamakaken nuwuhaken perbawa ageng!

14.SURA ADILAGA
(MARANG SASRAYUDA) Apa ya ngono Sasrayuda

15.SASRAYUDA
(WEDI) In...injih Kanjeng.

16.SURA ADILAGA
(NYAUT - SENGOL) Injih piye?!

17.SASRAYUDA
(KARO WEDI) In..in,...injih leres Kanjeng!

18.SURA ADILAGA
(SENGOL) Haiya!!.... Leres ki leres piye?!

19.SASRAYUDA
Leres menawi pusaka menika ampuh sanget. Nalika dipun tamakaken, kula sak kanca kados dipun buncang lesus ageng sanget!

20.SASRABAHU
(NYAUT - MANTEB) Mboten namung menika Kanjeng!.

21.SURA ADILAGA
(NYAUT) Meneng!! Aku ora ndangu kowe!!

22.SASRABAHU
(WEDI) Injih, nyuwun pangapunten Kanjeng.

23.SURA ADILAGA
Sasra Kethu! Kowe ngerti? Wong kuwi sapa lan seka ngendi?

24.SASRA KETHU
(NYEMBAH - WEDI) Kula,... kula,....

25.SURA ADILAGA
(NYAUT) Kula piye, he?! ...Piye?!!

26.SASRA KETHU
(SERO) Kula mboten ngertos Kanjeng!

27.SURA ADILAGA
(NESU) O, pikiranmu pancen landhep dhengkul! Kowe kabeh seneng nek aku kewirangan. Hiya?! Kowe bungah nek aku didukani Rama Panembahan Rangga Jumena merga ora isa mbetengi Nggiri Wana seka trajange wong –wong Metaram?! Ngono?!

28.SINDHUNG RIWUT
(NNYEMBAH) Nuwun sewu Kanjeng. Sejatosipun kula sampun pados sisik melik. Tiyang ndhusun ingkang mbiyantu perjurit Metaram menika namanipun Krama, saking ndhusun Pocung Manut pelapuran, piyambakipun malah sampun kaparingan pangkat Tumenggung dening Kanjeng Panembahan Senapati.

29.SURA ADILAGA
(GETEM-GETEM) Waaah jan,..saya ora karuwan iki!

30.SIDHUNG RIWUT
(MANTEB) Nuwun sewu Kanjeng! Saking pemanggih kula, perkawis menika kedah tumuli katur dhateng Mediun. Sinten ngertos, Panembahan Rangga Jumena dhawuh sakwetawis Adipati mbetengi Kadipaten Nggiri Wana!

28.SURA ADILAGA
Apa ya ngono Dhiajeng?

29.NYAI ADIPATI
Nuwun sewu Kangmas. Wiwit rumiyin kula sampun matur! Kula mboten nayogyani Kangmas mbalela dhateng Metaram ning ngayom dhateng Mediun! Nggiri Wana menika rumiyin wewengkon Pajang. Sak surutipun Pajang, punjering peprentahan pindhah dhateng Metaram. Dados sampun leres menawi Kangmas ngayom dhateng Metaram! Mboten kok malah nggajah gelar tanpa srati bela dhateng Mediun!

30.SURA ADILAGA
(RADA NESU) Kowe kok malah werna-werna ta?!

31.NYAI ADIPATI
(TEGAS) Kula matur menapa wontenipun! Ingkang lepat kedah dipun wastani lepat, ingkang leres kedah dipun leresaken!

32.SURA ADILAGA
(NESU) Ora isa! Sing salah dudu aku! Lan aku ngerti kok!' Kowe mbelani Metaram kuwi merga kowe sedulure ipe Pengeran Benawa! Mangka nyatane Njeng Pengeran Benawa nyengkuyung jumenenge Penembahan Senapati! Kepara malah nyuwun supaya Pajang direbut merga dikuwasani Kanjeng Pengeran Pangiri mantu dalem Sultan Hadiwijaya swargi!

33.NYAI ADIPATI
(WANI) Lha yen nyatanipun Pajang bibrah mergi patrapipun Pengeran Pangiri, menapa Kangmas Benawa kedah mendel kemawon?! Rak mboten ta?! Wong Pajang menika janipun dados wewenangipun Kangmas Benawa!... Mila njih leres menawi nyuwun biyantu dhateng Metaram! Mila Kangmas, menawi Kangmas ndhahar atur kula, mangga, kula dherekaken sowan dhateng Metaram!

34.SURA ADILAGA
(MANTEB) Ora sudi! ..Nganggo cara apa Nggiri Wana tetep tak kukuhi merga nggonku jumeneng iki seka palimirmane Rama Panembahan Rangga Jumena! Mangka kowe ya ngerti, Panembahan Rangga Jumena kuwi wayah buyute Kanjeng Sultan Patah! Beda karo Sutawijaya!.... Ming tedhak turune Pemanahan kok njur wani kumawasa arep nguwasani Tanah Jawa!

35.NYAI ADIPATI
(MANTEB) Ning nyatanipun?! Metaram ingkang sekawit namung wujud alas sak menika dados negari ingkang ageng wibawanipun. Mangka injih gemah ripah loh jinawi! Beda kaliyan wilayah Brang Wetan Kangmas!

36.SURA ADILAGA
(NESU) Nyi! Kowe kok mancahi aku terus ta!! Kowe ki wong wedok! Bebasan swarga nunut nraka ora katut!

37.NYAI ADIPATI
(MANTEB) Ha njih mboten saged! Wanita utawi priya menika sami-sami gadhah wenang! Menapa kula lepat menawi kula ngginakken wenang kula kangge ngemutaken garwa ingkang kula tresnani! Menapa kula klentu.....

38.SURA ADILAGA
(MEDHOT) Wis, uwis! Aku ora butuh padu! Arepa aturmu nrithil kaya bethet sewu muni bareng ning kowe ora isa ngalang-alangi karepku! ...(MARANG SINDHUNGRIWUT) Sindhung Riwut!

39.SINDHUNG RIWUT
(NYEMBAH – MANTEB) Kula!

40.SURA ADILAGA
Age budhala menyang Mediun. Aturna lelakon iki marang Rama Panembahan Rangga Jumena!

41.SINDHUNG RIWUT
(NYEMBAH - BARENG) Sendika!

LAMPU BLACK OUT – BABAK IV RAMPUNG

BABAK : V KATUMENGGUNGAN

Paraga : Nilasari, Senik, Saiman, Sainem, Jambul, Krama Yuda
Gendhing : Gendhing Dolanan
Katrangan : Senik lingguh karo miru jarik. Ngudarasa

00.SENIK
(NGUDARASA) Ealaaaah,... wong ki nek agek sial! Suket godhong dadi mungsuh! Ngene salah ngono kleru. Kabeh-kabeh sarwa ora peneran! Lha piye ta? Aku ki kurangane apa coba. Enom - isih prawan –wis cekel gawe mangka ya duwe - omah – duwe sawah duwe ingon-ingon .sapi 8, kebo 9, wedhus 10, pitik 25, bebek 40, menthoge ... telu,.. eee, lha ming arep golek bojo siji we uuuaaageeleeee.... ra jamak! Mbiyen tau dirasani Lurahe Playen. Durung nganti klakon "setruk!" Wis tau dirasani cah enom kidul ngebuk jebul wonge rada kenthir. Njur wingi kae,... lagi wae arep dilamar wonge tiba seka wit kambil, mati! ... Rak sial ta aku iki? ... (NGADEG) Kok kaya weruh glibete Bekele Miri ta? (MLAKU MOJOK). Oooo, Kirik! ....Upama sing liwat mau Bekele Miri tak oncit tenan! Lha piye ta, tiwas ditukokke surjan – iket - jarik – setagen – kamus karo keris gayaman,...jebul ya minggat! Karang cah lanang sak iki ki angel dipercaya! Ketoke resik- bagus – lencir – manutan jebul uripe nggandhul sing wedok! ...Kok beda karo Ndaraku ya. Atase ora tau metu seka Keputren...ngeti-ngerti "nyoh"... entuk bojo!

KAPRUNGU SWARA TEMBANGE NILASARI

01.SENIK
(NOLEH – NYAWANG) Naa,.. kae! Kae genah Ndaraku putri! Arepa isih timur, ayu, mangka ya luwes, andekna kok ya melu sial! Kagungan garwa garwa pisan we kok wis tuwek mangka ya elek!

LAMPU BLACK OUT – SENIK LUNGA - NILASARI GANDRUNG

(Cathetan: Watake Krama wiwit owah)

02.NILASARI
(NEMBANG)

03.KRAMA YUDA
(NGGUYU LIRIH) Semono uga aku Nilasari. Arepa rupaku ora bagus, dedegku ora pideksa, ning gedhening tresnaku dhuwure ngungkuli gunung Merapi. Jembare ngluwihi segara Kidul. Jamak wanita ayu ning ora ana sing kaya sliramu. ...(NGGUYU)

04.NILASARI
(RAMPUNG NEMBANG) Ning sak estu ta? Kangmas dereng nate kagungan garwa?

05.KRAMA YUDA
(NGGLECE NING AJA KEBANGETEN) Lho, piye ta? "Thing – thing!" Aja meneh duwe bojo, nyedhak wong wedok we durung tau kok Dhiajeng! Nek ra ngandel,....gilo sawangen! (NUDUHKE TANGANE) Mrinding ta? Dhadhaku,.gilo .dhahaku? Le dheg-dhegan durung mari. Malah nalika Ramamu Tumenggung Yudanegara arep mundhut putra mantu aku,.. aku rak semaput ta!

06.NILASARI
Semaput dospundi Kangmas?

07.KRAMA YUDA
Merga arep didhaupke sliramu! (NGGUYU) Dhasar isih, enom, ayu, luwes, mangka ya pinter leladi, apa ya aku ra entuk semaput!

07A.NILASARI
Kangmas menika mbok sampun ngaten ta ah!

07B. KRAMA YUDA
Putri kok ayune kaya ngene lho! (NJIWIT)

07C.NILASARI
(ALEMAN) Aaah,... Kangmas menika lho,...sakit!

07D.KRAMA YUDA
Lara pa penak? Penak pa penak?

SAINEM – SAIMAN – JAMBUL – TEKA – TANPA GAMELAN

08.SAIMAN
(SERO) Kula nuwun!

09.KRAMA YUDA
Walaaah,....sapa iki ngregon-ngregoni? (NOLEH)

10.SAINEM
(GEMBIRA) Le,.... Bapakmu!? Kae bapakmu Le!!

11.JAMBUL
(SENENG BANGET) Paaak...!! (NGRUKET SIKILE KRAMAYUDA) Bapaaaak. ...Aku kangen kowe Paak!

12. KRAMA YUDA
(MARANG SAINEM) Sapa iki?!! ..

13.SAINEM
(GEMBIRA) Kuwi Jambul Kang! ...Jambul anakmu!!

14.KRAMA YUDA
(NESU) Anakku?!...Aja ngawur kowe! Ayo ngalih! (NJOROGKE JAMBU) Ngaaaaliiiih?!!

GAMELAN SESEG – REP – DADI SREPEG TLUTUR

15.SAINEM
(KAGET) Kang,,... kowe ki piye ta? Iki ki anakmu. Aku Sainem Kang! Sainem bojomu!

16.SAIMAN
(NYELANI) Ma, ..kowe ki lali apa ethok-ethok lali?

17.KRAMA YUDA
(KEMAKI) Iki ya tunggalane! Gerangan ra enak melu gawe kisruh!

18.NILASARI
(NYEDHAK) Kangmas? Menika wonten menapa? Penjenengan sampun duka rimiyin. Tiyang-tiyang menika sinten Kangmas?

19.KRAMA YUDA
(NUDINGI SAINEM) Iki! ... Iki Dhiajeng! Wong wedok iki ngaku-aku bojoku. Sing cilik kuwi diakokke anakku. Edan ta kuwi!

20. NILASARI
Injih. Ning mbok mangga ta dipun larah rumiyin.. .

21.KRAMA YUDA
(MEDHOT)..Sliramu ra sah melu melu. Iki perkara sepele. Ciliiik. (MAJU -MARANG SAINEM - KEMAKI) Eee, ..sapa mau jenengmu? Parinem, Ngatiyem, Parijem, Painah,.... aku ora urusan. Ning lehmu ngaku-aku bojoku, ora ming gawe isin ning ya ngusutke asmaku! Mula timbang perkara iki dadi gedhe luwih becik kowe lunga. ... Ayo lunga! Lunga sak iki!

22.SAINEM
(GUMUN CAMPUR SEDHIH) Kang, kowe isa kandha ngono ta? Adoh seka ndesa tekan kene, tak rewangi mlaku karo ngampet ngelih, aku ming nuruti anakmu sing kangen kepengin ketemu kowe! Kena apa kowe mentala nundhung aku? Aku bojomu Kang! Iki anakmul!

23.KRAMA YUDA
(NESU) Bojo?! Anak?! Ketemu pirang perkara kowe isa kandha ngono!

23B.JAMBULI
(KARO WEDI) Mbok,... ayo bali. Bali wae Mbok! Aku wedi!

24.SAINEM
(KARO NANGIS) Ora Le,...Simbok arep ngelingke Bapakmu.

25.JAMBUL
Ning aku wedi Mbok!! Ayo mulih!!

26.KRAMA YUDA
(KEMAKI) Naaa, iya ta! Bocahe wedi ta! Ketara nek kowe nganggo piranti bocah iki dinggo ngucemke asmaku!

27.SAIMAN
Ma,... kowe mbok aja siya-siya karo anak bojomu. Elinga rikala kowe isih urip rekasa neng ndesa Pocung.

28.KRAMA YUDA
(KEMAKI) Tak akoni..Aku pancen seka ndesa. Ning aku ora tepung kowe, apamaneh anakmu! Aku uga ora idhep karo wong wadon kuwi! Aku ki piyayi! Pangkatku Kanjeng Raden Tumenggung! Upama duwe bojo haiya mesthi milih iki.... (NYEDHAK NILASARI) sengara milih anakmu!

29.SAINEM
(RADA NESU - KARO NANGIS) Kang Krama! Tembungmu wis nyocog ati! Patrapmu wis gawe tatu sing ora bakal ilang ing sak dawane umurku! Upama kowe ora kelingan aku, ora kelingan Bapak,... ning mesthine kowe kelingan anakmu Kang!

30.KRAMA YUDA
(NYAUT - SINIS) Anak?... Anake sapa? Aku manten anyar! Tekan sak iki durung duwe anak! ...Mula timbang aku ngundang perjurit tak kon nundhung kowe, luwih becik kowe lunga sak durunge nemahi cilaka!

31.SAINEM
(NANGIS - KAGET) Kang Krama?!! Kowe wis tegel tenan! Kowe ora kelingan tresnaku, kasetyanku lan panalangsa sing saben ndina nyandhing uripku lan uripe anakmu!

32.KRAMA YUDA
(NYLEKIT) Ra sah nangis! Ra sah nyandiwara! Aku ngerti karepmu! Kowe, kowe, karo kowe,.. sengaja gawe tontonan dinggo ngrusak jenengku! Mengko nek jenengku rusak,...kowe sing nemu bungah!

33.SAIMAN
Nem, bojomu pancen wis lali Ora duwe niyat ngakoni kowe..

34.SAINEM
(NANGIS) Ning ati kula lara Paak...!!!.

35.KRAMA YUDA
(NYLEKIT) Salahe! Lara digawe dhewe kok nyalahke liyan. Wis kana ndang lunga! Aku kesel nonton sandiwara sing kok gawe. Mripatku selak sepet nyawang kowe! Ning nek kowe nekad ora gelem lunga, .tak undangke perjurit!

36.JAMBUL
(WEDI) Mbok,...ayo bali wae. Bali wae Mbok. Aku wedi...

37.SAIMAN
Anakmu ngejak bali Nem. Ayo, bali wae, Ora sah nggagas bojomu.

38.SAINEM
(NESU KARO NANGIS) Yoh,...iya Kang! Tak trimak-trimakke lehmu daksiya karo aku! Muga-muga wae Sing Gawe Urip mbukak atimu saktemah kowe gelem mertobat!

38.A.KRAMA YUDA
Ra sah iyig! ...(LIRIH) Minggat! .... (KERAS) Minggat!!

GAMELAN (TLUTUR KAPRUNGU – SAINEM CS LUNGA - REP

39.NILASARI
(RADA BINGUNG) Kangmas, manah kula mboten sekeca semerep lelampahan menika! Jan-nipun menika dospundi ta? Tiyang estri menika garwa penjenengan apa dudu?

40.KRAMA YUDA
Ha mbok sumpah! Aku ora tepung karo wong-wong kuwi mau!

GAMELAN KAPRUNGU – YUDANEGARA TEKA

41.KRAMA YUDA
(GAPYAK) Oh, mangga! Mangga Ki Raka Yudanegara.

42.YUDANEGARA
Iya Adhi.

43.KRAMA YUDA
Kok njanur gunung rawuh mriki. Wonten menapa Ki Raka?

44.YUDANEGARA
Cekak aos wae. Ngemban dhawuh dalem Kanjeng Penembahan, sliramu katimbalan sowan sak iki.

45.KRAMA YUDA
Menapa Ki Raka priksa wigatosipun?

46.YUDANEGARA
Kanjeng Panembahan dhawuh supaya sliramu nggawa perjurit sak cukupe ngrangket Adipati Sura Adilaga, mati apa urip.

47.KRAMA YUDA
(MANTEB) Yen ngaten Ki Raka kula aturi ngrumiyini. Kula badhe mendhet pyandel kula Penjalin Pethuk.

48.YUDANEGARA
Iya Dhi. Nilasari, aku mundhut pamit.

48.A.NILASARI
Injih Ki Tumenggung

49.KRAMA YUDA
Dhiajeng, manga borong Katumenggungan, aku tak njupuk piyandelku, terus budhal perang.

50.NILASARI
Injih. Kula namung saged ndherekaken sugeng tindak. Mugi-mugi Kangmas pikantuk menang..

GAMELAN MUNI LIRIH BANGET. AJA DIGAWE SERO. KRAMAYUDA LAN YUDANEGARA LUNGA – SENIK LAN MBOK GENDRA TEKA. GAMELAN TETEP LIRIH.

51.SENIK
(KEMAYU) Kula nuwun Ndara Putri! (MLAKU KARO OMONG) Ayo, rasah wedi.! Maju wae lingguhe cedhak aku!

52.MBOK GENDRA
Ning aku mengko ora didukani ta Nik?

53.SENIK
(KEMAYU) Aja kuwatir! Ingsun sing nganggung!

54.MBOK GENDRA
Hiyaaah... nganti kaya Ratu!

GAMELAN SUWUK

55.NILASARI
Kok sajak wigati,.. ana perlu apa Nik?

56.SENIK
Anu Ndara Putri! . Marak kula menika ngirid Mbok Gendra, tiyang ingkang asring ngintun palawija – pala kependhem dhateng Katumenggungan. Piyambakipun badhe matur.

57.NILASARI
Matur apa?

58.SENIK
Wis sak iki sira sing matur! Ingsun midhangetake!

58.MBOK GENDRA
(NGGEDUMEL) Alaaaah,.... cah ora payu rabi we kemayu!!!

59.SENIK
Tikna! ...Ha wedok kok!

60.NILASARI
Wis ra sah guyon. Gek matur apa perlune.

61.MBOK GENDRA
Nuwun sewu Ndara,... ning niki nuwun sewu tenan lho! Kula ajeng matur ning Ndara Putri Nilasari ampun duka.

61.A.NILASARI
Wis ta,...gek matura! Aku ra papa kok.

62.MBOK GENDRA
Nek carane tiyang ndhusun nggen kula sing sami rondha kalih Pei nika ,... Katumenggungan niki klebon kucing gundhulan Ndara! Tembunge sing gampang, Ndara Putri empun kapusan.

62.NILASARI
Kapusan piye ta Mbok Gendra

63.MBOK GENDRA
Piye iki Nik,...blaka ora iki?

64.SENIK
Haiya blaka! Ndara mesthi malah remen! Ning nek kowe ora blaka, oooo,..aja takon takon dosa! Ingsun patrapi pidana pati!

65.MBOK GENDRA
Iyaaah,.... lembene!

66.NILASARI
(RADA NESU) Iki piye ta? Ngadhep bendara dha sembrana. Nek kowe guyon terus, tak tinggal lunga lho.

67.SENIK & MBOK GENDRA
(RADA WEDI) I...injih Ndara! Nyuwun pangapunten!

68.MBOK GENDRA
(SERIUS) Ngaten Ndara. Kula wau rak semerep tangga kula medal saking Katumenggungan. Sareng kula setitetekaken jebul Sainem kaliyan anakipun jaler! Lha ingkang sepuh menika Bapakipun Sainem, Ndara.

69.NILASARI
Terus apa sambunge karo aku?

70.MBOK GENDRA
(RADA GOJAG –GAJEG) Njih.... dospundi njih. Menawi kula pareng matur blaka, janipun Sainem menika mila,... mila semahipun keng Garwa. Dene lare alit menika putranipun Ndara Nggung Krama Yuda ingkang wonten ndhusun!

71.NILASARI
(KAGET) Aturmu kuwi tenan?!

72MBOK GENDRA
(MANTEB) Estu Ndara!! Ha mbok nggih samber nggelap!!

KEPRAK SESEG - LAMPU BLACK OUT – BABAK V RAMPUNG

BABAK : VI MATARAM

Paraga : *Panembahan Senapati, garwa prameswarai, Mandaraka, Jayakusuma, Nilasari, Purbaya, Singasari, Nayaka liyane.*
Gendhing : *Agung - rep*
Katrangan : *Kabeh wis sowan. Senapati wis ngadeg. Nesu .*

01. SENAPATI
(NGAMPET NESU – NYAWANG ADOH) Wa Juru.

02. MANDARAKA
(NYEMBAH) Kula Penembahan.

03. SENAPATI
(NGAMPET NESU) Manah kula sak estu kesenggol dhateng patrapipun Krama Yuda. Menapa malih sak sampunipun mireng unjuk aturipun Nilasari, anakipun Tumenunggung Danuwilapa! Kula menika tilas senapati Wa! Adipati Harya Penangsang kemawon tatas mengsah kula! Lha kok sakmenika kula dipun remehaken dening Krama Yuda! Menapa ngaten menika manah kula mboten benter Wa!

04. MANDARAKA
Kula mboten maiben Penembahan.

05. SENAPATI
(NOLEH NYAWANG KI JURU) Sak upami Kramayuda dereng bidhal dhateng Giri Wana piyambakipun temtu sampun kula pidana! Ning sareng sampun kelajeng nyendikani dhawuh ngrangket Sura Adilaga,,... kula kedah kados pundi Wa!

06. MANDARAKA
(NYEMBAH) Lepat nyuwun sih pangapunten ndalem. Pemanggih kula, perkawis menika prayogi dipun penggalih kantun. Sebab slira dalem taksih kedah menggalih perkawisipun para Adipati Brang Wetan, ingkang dereng purun ngayom dhateng Metaram.

07. JAYAKUSUMA
(NYAUT) Wa juru leres. (NYEMBAH) Punten ndalem sewu Kangmas Penembahan. Kersa dalem manunggalaken Bang Wetan menika bobotipun langkung awrad timbang Krama Yuda. Awit manut warta ingkang kula tampi, para Adipati Brang Wetan ingkang dipun pandhegani dening Rangga Keniten, sampun sami mesanggrah wonten Mediun.

08. PURUBAYA
(NYEMBAH) Kangmas Jayakesuma leres! Mediun sampun siyaga kekiyatan. Kepara sampun nate pasulan mengsah perjurit Metaram. Menawi perkawis menika mboten dipun rampungaken, bebasan geni sapelik mungging rapak, menawi mboteni enggal dipun sirep temu badhe ngambra-ambra.

09. JAYAKUSUMA
(NYEMBAH - MANTEB) Perkawispun dados saya ribet mergi KramaYuda nyela-nyela apus krama dhateng Sampeyan Ndalem. Semantena Penembahan.... menawi Sampeyan Ndalem ngersakaken supados perkawis menika enggal rampung,..kula ingkang sagah ndhadhagi! Mediun badhe kula rebat srana landheping dedamel!

10. MANDARAKA
Kanjeng Adipati.

11. JAYAKUSUMA
Kula Wa.

12. MANDARAKA
Kula mboten maiben dhateng kasudibyan Ndalem. Ewa semanten,..kersa dalem mboten badhe kelampahan sak derengipun Giri Wana dipun telukaken. Jalaran lampahing perjurit Metaram saking sisih kidul kedah nglangkungi Kadipaten Giri Wana. ... (NYEMBAH) Rak injih ngaten ta Penembahan?

13. SENAPATI
(MANTEB) Pikajeng kula mila ngaten Wa! Sak derengipun dipun rabasa, . Mediun kedah dipun kupeng langkung rumiyin!

14. NYAI ADIPATI
(SAKA KADOHAN) Kangmaaaas! ... Kula marak Kangmas!!!

GAMELAN SESEG – SUWUK – ILLUSTRASI REBAB

15. NYAI ADIPATI
(NDHEPROK ANA NGAREPE SENAPATI) Kangmas,.. isin! Kula wirang! Kula nyuwun pengayoman Kangmas!

16.SENAPATI
Kosik ta,... kosik Dhiajeng. Sliramu ki ngapa? Teka-teka nangis nyuwun pengayoman?

17.MANDARAKA
Menawi mboten sisip, menika rak Raden Ayu Wuryan, kadangipun ipe Njeng Pengeran Benawa ta Penembahan?

18.SENAPATI
Ugi garwanipun Adipati Sura Adilaga.

19.NYAI ADIPATI
(KARO NANGIS) Sak estu Kangmas,... menawi Kangmas mboten kersa ngayomi kula,.... kula trimah pejah Kangmas!

20.SENAPATI
Yoh, nyuwun pejah ya nyuwun pejah. Ning lungguha sing prayoga dhisik.

21.NYAI ADIPATI
(NYEMBAH – KARO NANGIS) Sendika.

22.SENAPATI
Nek wis lerem atimu, saiki matur sing cetha.

23.NYAI ADIPATI
(SEDIH) Kula dumuri Metaram, mergi dipun tundhung kesah dening garwa kula. Sebab kula mboten sarujuk menawi Giri Wana ngayom dhateng Mediun! Malah sak mangke, ...saksampunipun Giri Wana dipun bedhah dening senapati Metaram ingkang nama Krama Yuda,.. Kangmas Adipati saya kongas.

24.SENAPATI
Lho? Kok aneh? Lha wong kalah kok kongas ki piye nalare?

25.NYAI ADIPATI
(NYAUT) Mergi Krama Yuda saged dipun bujuk supados malik tingal! Piyambakipun dipun bombong badhe dipun jumenengaken Adipati nggentosi kalanggahanipun Kangmas wonten Giri Wana!

26.MANDARAKA
Welhaaa,...kok ngono? Krama Yuda kok dadi saya nekad!.

27. NILASARI
(NYEMBAH - MANTEB) Punten ndalem sewu! Manah kula tumut mboten trimah! Sinaosa Krama Yuda semah kula, nanging kula ingkang nyuwunaken pidana! Jalaran semah kula mboten namung damel isin kula, nanging ugi ngrisak wibawanipun Narendra Metaram!

28.JAYAKUSUMA
(NYAMBUNG) Kowe Bener Nilasari! Wong sing ora setya marang pepundhene, luwih-luwih marang negarane ora pantes dadi kawula Metaram!

29.SENAPATI
(MANTEB) Wa Juru, Dhimas Jayakesuma lan kabeh sing padha sowan.

30.KABEH
(NYAMBEH) Kula Penembahan,

31.SENAPATI
Rehne Krama Yuda tau monjuk yen anggone duwe kadigdayan merga diparingi pusaka Penjalin Pethuk, mula pisowanan enggal dibodholake, jalaran aku bakal tedhak Ngidul, sowan Kanjeng Ratu Kidul.

32.KABEH
(NYEMBAH) Sendika Penembahan!

GAMELAN LANGSUNG GENDHING TARI
LAMPU BLACK OUT - BABAK VI RAMPUNG

BABAK : VII GIRI WANA

Paraga : *Penari, Krama Yuda, Sura Adilaga lan para Nayaka*
Gendhing : *Gumyak*
Katrangan : *Lampu murub, Krama Yuda lingguh dhampa. Sura Adilaga uga lungguh kursi, para nayaka lingguh sila. Kabeh katon gembira. Dialog di isi improvisasi. Durung nganti tarian rampung kesaru tekane Saiman (nggawa watak beda).*

01.SAIMAN
(MANTEB - SERO) Bubar!!! ... Ayo bubarrr!!!! Kabeh semingkir!! Sing ra gelem sumingkir tak rampungi!

PARA PENARI WEDI – LUNGA SAJAK WEDIC CAMPUR GUMUN

02.SURA ADILAGA
(NGADEG) He,...sapa kowe?! Wani murang tata neng kene!

03.SAIMAN
(NGGUYU - SERO) Aku Saiman! Mara tuwane bedhes elek sing lungguh nggedhangkrang neng dhampar kuwi!!

04.KRAMA YUDA
(NGADEG - NESU) Kurangajar! ... Arepa aku mbiyen mantumu, ning sak iki aku sing kuwasa neng Kadipaten Giri wana!

05.SAIMAN
(NGGUYU) Krama ..Krama!Atimu gampang miyur nyawang gebyaring kadonyan! Sak iki kowe pancen wis mukti! Ning kowe lali marang anak bojomu sing tetaunan ngugemi katresnan lan kasetyane, nalika kowe urip neng ndesa!..... Ngertiya Ma! Bojomu wis bali neng alam langgeng merga ora kuwat nyangga laraning atine! Anakmu dadi cah lola!! Kabeh iki kelakon jalaran kowe ora rewes marang kebecikan! Eling Ma,...eling! Elinga!! Selagine asu (kata ini jangan diganti) wae nek saben ndina diwenehi rontogan pangane bendarane isa niteni! Kenapa apa kowe ora?!

06.KRAMA YUDA
(SERO) Prek! (kata ini jangan diganti) Aku ora butuh kandhamu!

07.SAIMAN
(NYAUT) Kowe pancen isa "ngeprekke" aku! Ora perduli kandhaku! Ning kowe ora isa menggak tibaning mangsa kala!

08.KRAMA YUDA
(KONGAS) Aku wong digdaya! Ora tedhas tapak paluning pandhe!

08.SAIMAN
(NGGUYU) Aja umuk Ma! Sak ndhuwure gunung ana mega! Sak ndhuwure mega isih ana langit sap pitu!

09.KRAMA YUDA
(SERO) Perjurit!.... Unusen kerismu!! Aku njaluk patine saiman!!

10.SASRAYUDA
(MANTEB) Sendika!..... Caa,....ranjab!!!

SASRAYUDA SAK KANCA NGUNUS KERIS – MAJU BARENG - SAIMAN NDHAPLANGKE TANGANE KIWA LAN TENGEN – SASRAYUDA SAK KANCA SAMBAT- AMBRUK SEMAPUT.

09.SAIMAN
(NGGUYU) Ayo Ma,... aja meneng wae! Nek kowe duwe pusaka ampuh, tamakna! Tamakna! Aku ora gigrig!

10.KRAMA YUDA
(NESU) Keparat! Ketaman Penjalin Pethuk njengkelang kuwandhamu!!

KRAMA NGEBUG SAIMAN NANGING ORA PASAH. DIBALENI MANEH TETEP ORA PASAH. KRAMA MUNDUR. SIYAGA.

11.SAIMAN
(WIBAWA) Krama Yuda! Penjalin Pethuk wis ora mandi merga kowe gijati janji marang Kanjeng Ratu Kidul! Mulane Ma, nek kowe gelem mertobat. Gelem bali neng ndesa momong anakmu! Pangapura bakal tumiba kowe!

Lan ngertiya Ma, pusaka sing saktenane kuwi dudu keris, tumbak, pedhang lan gegaman liyane, nanging urip lambaran tumindak jujur, adil, tepa selira lan kamanungsan! Ya kuwi sejatining pusaka!

12.KRAMA YUDA
(KAGET) Terus?! Kowe ki sapa?! Sapa kowe?!!!

13.SAIMAN
(WIBAWA) Sawangen! Sapa aku!!

KEPRAK SESEG – LAMPU BLACK OUT – SAIMAN ILANG MALIK DADI MBOK RARA KIDUL.

14.KRAMA YUDA
(KAGET) Mbok Rara?!.... Penjenengan Mbok Rara Kidul??!!!

GENDHING PANUTUP – LAMPU BLACK OUT

T a m a t



DINAS KEBUDAYAAN *(KUNDHA KABUDAYAN)*
DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA

DANA KEISTIMEWAAN

2022



Kumpulan Lakon Kethoprak

Naskah Kethoprak Lawasan 4

TIM PENGEMBANGAN KETHOPRAK DAERAH ISTIMEWA YOGYAKARTA